ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№199 (23.107) • 2015 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 14, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Къэбэрдей-Балъкъэрым щрагъэкIуэкIащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетымрэ Федеральнэ оперативнэ штабымрэ я зэIущIэхэр



Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэу а комитетым и унафэщI, Урысейм Шынагъуэншагъэмкiэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Бортников А. В. дыгъуасэ Налшык щригъэкIуэкIам щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм терроризмэм щыпэщIэтыным, террорым пэщIэтынымкIэ комиссэхэмрэ властым и органу щIыналъэхэм щыIэхэмрэ я лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэным хуэгъэзауэ комитетым къищта унафэхэр зэрагъэзащIэм.

ЗэIущIэм хэтащ Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым щыщхэр, Урысей Федерацэм и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэр, Урысей Федерацэм и субъекту Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым къызэщIиубыдэхэм я IэтащхьэхэР, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ, хабзэхъумэ органхэмрэ къулыкъу хэхахэмрэ я лIыкIуэхэр.

Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэм къыщыщыпсалъэм Бортников А. В. къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ дунейпсо терроризмэр къызэрызэщIэрыуэм пыщIа шынагъуэм. «Ислъам къэралыгъуэ» зыфIэзыщыжа, КъуэхьэпIэ къэралхэм къакъуэгушхукI террорист гупым лъыгъажэ зауэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щызэщIагъэстащ. А гупым зэпымыууэ цIыху куэд зыхашэ, ялъэкIымрэ ахъшэмрэ хагъахъуэ икIи КъуэкIыпIэ Гъунэгъум и щIыбкIи я зэфIэкIхэм зыщрагъэубгъу.

Абы къыхэкIыу терроризмэм и шынагъуэр къызэтегъэувыIэныр дунейпсо зэдэлэжьэныгъэм хиубыдэу зэфIэгъэкIыпхъэ къалэн нэхъыщхьэщ. Абы къегъэув террорым и бий къару псори зэщIэгъэуIуэн, террористхэм я инфраструктурэр зэтекъутэнымкIэ зэщIыгъуу ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм зегъэубгъун, Сирием и правительствэм радикалхэм ебэнынымкIэ дэIэпыкъун хуейуэ.

Терроризмэм и шынагъуэр Урысей Федерацэм къыщыгъэтIэсхъэным пыщIа Iуэхухэм щытепсэлъыхьым, Бортников А. В. къыхигъэщхьэхукIащ бзаджащIэ гупхэр къэлъыхъуэнымрэ зэтекъутэнымрэ, нэхъ япэкIэ зэхащIыхьауэ щыта щIэпхъаджагъэхэм, псалъэм папщIэ, 1995 гъэм Буденновск теуахэм ящыщхэр къэгъуэтынымрэ жэуапым ешэлIэнымрэ яхуэгъэза лэжьыгъэм сэбэпынагъыщхуэ къызэрихьыр.

Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и унафэщIым къигъэлъэгъуащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щIыналъэм хиубыдэу террористхэм щызэхащIыхьхэр нэхъ мащIэ хъууэрэ зэрекIуэкIыр. Дызэрыт илъэсым щыщу блэкIа мазибгъум къриубыдэу абыхэм терроризмэм пыщIа Iуэхуу щалэжьар нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ хуэдищкIэ нэхъ мащIэщ. ХуэдиплIым нэблагъэкIэ нэхъ мащIэ хъуащ хабзэншагъэхэр лэжьыным къыпыкIыну хущIэкъухэм я бжыгъэр.

Абыхэм къадэкIуэу, жиIащ Бортников А. В., щIыналъэм щыIэ щытыкIэр нобэми къызэрыгуэкIкъым. Абы къыхэкIыу терроризмэм и шынагъуэм нэхъ жыджэру пэщIэтын, щэхурылажьэ бзаджащIэ гупхэм ядэIэпыкъухэр, ахэр зыхуейхэмкIэ къызэзыгъэпэщхэр зэпымыууэ къыщIэгъэщын, Кавказ Ищхъэрэм щыщыIэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр зэIагъэхьэну хущIэкъуу нэгъуэщI къэралхэм щрагъэкIуэкI мыхъумыщIагъэхэр къызэпыудын хуейщ.

Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым апхуэдэу щыхэплъащ Урысей Федерацэм и щIыналъэм террорист лэжьыгъэр щезыгъэкIуэкIхэр ахъшэкIэ къызэзыгъэпэщхэр къыщIэгъэщыным хуэгъэзауэ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ оперативнэ, дунейпсо щытыкIэм зэрызихъуэжыр къэлъытауэ, террорым пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэзауэ дяпэкIи зэфIэгъэкIыпхъэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ зэфIагъэкIхэм теухуауэ зэIущIэм доклад щищIащ республикэм и Iэтащхьэ, КъБР-м Террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэм и унафэщI КIуэкIуэ Юрий.

А махуэ дыдэм Налшык щрагъэкIуэкIащ федеральнэ оперативнэ штабым и зэIущIэри.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Дыгъуасэ

# Гум имыхуж хэщIыныгъэхэр къытхуэзыхьа махуэхэр ягу къагъэкIыж

**Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым дыгъуасэ къызэригъэпэща зэIущIэр техуащ нэщхъеягъуэ пIалъэм - 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къалащхьэ Налшык IэщэкIэ зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэр къытеуауэ щытащ.**

ХАБЗЭХЪУМЭ IэнатIэхэр зэщIэгъэуIуауэ икIи зэгурыIуэу а шынагъуэм зэрыпэщIэувам, республикэм щыпсэухэри абыхэм зэрадэIэпыкъуам и фIыгъэкIэ, террористхэм я мурадхэр икIэщIыпIэкIэ къызэпаудын яхузэфIэкIащ. Ауэ щIэпхъаджащIэхэм гум имыхуж хэщIыныгъэхэри къытхуахьащ - абыхэм къалэдэс къызэрыгуэкIыу 15, хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэу 35-рэ яIэщIэкIуэдащ.

Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэм щIидзэн япэкIэ Урысейм ШынагъуэншагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Бортников А. В., Террорым пэщIэтынымкIэ лъэпкъ комитетым хэтхэм, КъБР-м Террорым пэщIэтынымкIэ и комиссэм и унафэщI КIуэкIуэ Ю. А. сымэ хэкIуэдахэм яхуэщыгъуащ икIи хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм я фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьащ.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

● Фэеплъ





# ЛIыхъужьхэр зэи ящыгъупщэнукъым

**IэщэкIэ зэщIэуэзэда бзаджащIэхэр Налшык къызэрытеуэрэ илъэси 10 зэририкъум теухуа фэеплъ Iуэхугъуэхэр КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIащ. Зэхыхьэм кърагъэблэгъат хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэри.**

2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыхьэр Налшык IэщэкIэ зэщIэуэзэда бзаджащIэ щэ бжыгъэхэр къытеуэри, милицэм и къалэ IуэхущIапIэхэм, дзэ частым, ФСБ-м, МВД-м я хэщIапIэхэм ебгъэрыкIуат.

Налшык и уэрамхэм махуитIкIэ щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэм хабзэхъумэхэм лIыгъэрэ хахуагъэрэ къыщагъэлъэгъуащ. А зауэм хэкIуэдащ хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэу 35-рэ, бзаджащIэхэм япэщIэхуа цIыху мамыру 15. Хабзэхъумэу 100-м щIигъу уIэгъэ хъуат.

Республикэр мамыру псэуным зи гъащIэр щIэзыта лIыхъужьхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу МВД-м щызэхуэсат министерствэм и лэжьакIуэхэр, КъБР-м Къэрал кIуэцI Iуэхухэмрэ къэрал кIуэцIыдзэхэмрэ я ветеранхэм я советым и лIыкIуэхэр, МВД-м и деж щыIэ жылагъуэ советым хэтхэр, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министру КъБР-м щыIэм и япэ къуэдзэ, полицэм и полковник **Тату Къазбэч** и псалъэм къыхигъэщащ милицэм и лэжьакIуэхэм щIэпхъаджащIэ ерухэм я мурадыр къызэпаудыным теухуауэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къызэрагъэлъэгъуар. ЖиIащ а Iуэхугъуэхэм хэта я лэжьакIуэ 300-м щIигъум къэрал дамыгъэхэр къызэрыхуагъэфэщар.

АдэкIэ къэпсэлъащ республикэ МВД-м и деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI **Балъкъыз Валерэрэ** КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ и органхэм, къэрал кIуэцIыдзэхэм я ветеранхэм я советым и тхьэмадэ **Думай Борисрэ**. Абыхэм жаIащ мамырыгъэм зи гъащIэр щIэзытахэр зэи зэращымыгъупщэнур.

Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и УказкIэ я къалэныр щагъэзащIэм къагъэлъэгъуа хахуагъэм папщIэ «ЛIыгъэм и орден» хуагъэфэщащ (мыпсэужу):

- милицэм и полковник **Дыкъынэ Замир Хьэсэнбий и къуэм** - КъБР-м щыIэ МВД-м и СОБР-м и унафэщIым и къуэдзэм;

- полицэм и лейтенант **ШкIахъуэ Мартин Хьэжсет и къуэм** - КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и гъуэгу-плъыр къулыкъум и ротэ щхьэхуэм и инспекторым.

- полицэм и сержант нэхъыжь **ШампIарэ Арсен Заурбэч и къуэм** - КъБР-м щыIэ МВД-м и ГИБДД-м и гъуэгу-плъыр къулыкъум и батальон щхьэхуэм и инспекторым.

«Хахуагъэм папщIэ» медалыр хуагъэфэщащ юстицэм и капитан **Шыбзыхъхуэ Альберт Суфэдин и къуэм** - КъБР-м щыIэ МВД-м и Бахъсэн РОВД-м и деж щыIэ следственнэ къудамэм и следователым.

Тату Къазбэч орденхэмрэ медалымрэ зыхуагъэфэщахэм я Iыхьлыхэм яритыжащ.

## ЩIыхьым и аллеем

АдэкIэ фэеплъ Iуэхугъуэм щыпащащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я ЩIыхь аллееу Налшык иIэм. Абдеж щызэхуэсат КъБР-м и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я лIыкIуэхэр, республикэм и къарузехьэ, хабзэхъумэ IэнатIэхэм, жылагъуэ, дин, ветеран зэгухьэныгъэхэм я унафэщIхэр, зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

ПэкIур къызэIуахри псалъэ иратащ КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ пыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр **Къуэшрокъуэ Залым**.

- Илъэсипщ1 ипэкIэ IэщэкIэ зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэм ди къалэр яубыдыну хэтащ, арщхьэкIэ хабзэхъумэхэр япэуври, я мурадыр къызэпаудащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ а махуэр гузэвэгъуэшхуэт - лэжьыгъэ, нэгъуэщI IуэхукIэ зи унэм икIахэм ящыщ куэдым ягъэзэжынутэкъым.

Нобэ дигу къыдогъэкIыж республикэм и мамырыгъэмрэ зэпIэзэрыт щытыкIэмрэ яхъумэу зи гъащIэм емыблэжа хабзэхъумэхэр. Шынагъуэщ, а бзаджащIэхэм я гуращэ фIейр пхагъэкIатэмэ, къэхъункIэ хъуну щытар уи нэгу къыщIэбгъэхьэныр. Феплъыт нобэ Сирием щекIуэкIым, ардыдэр ди дежи къыщыхъункIэ хъунут, республикэм и унафэщIхэм якъуэувэу ди лъахэм щыпсэухэм а бзаджащIэхэр трамыгъэкIуэтамэ, - къыхигъэщащ Къуэшрокъуэм.

Зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэр зэи зэращымыгъупщэнур министрым къызэхуэсахэм яжриIащ. «Дэ абыхэм я фэеплъым хуэфащэу дыщытынщ!» - къыхигъэщащ Къуэшрокъуэ Залым.

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкiэ министру КъБР-м щыIэм и япэ къуэдзэ, полицэм и полковник **Тату Къазбэч** псалъэмакъым къыпищэу иджыри зэ къыхигъэщащ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу бзаджащIэхэр изыгъэкIуэта хабзэхъумэхэр зэи зэращымыгъупщэнур.

Апхуэдэу пэкIум кърихьэлIахэм зыхуагъэзащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**, КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщI **Бэрбэч Джэрихъан** сымэ.

КъБР-м и Муслъымэнхэм я дин IуэхущIапIэм и тхьэмадэм и къуэдзэ **Сыжажэ Алим** хэкIуэдахэм Тхьэ яхуелъэIуащ, благочиннэ **Бобылев Валентини** апхуэдэ Iуэхугъуэр зэфIигъэкIащ.

ЗэIущIэм кърихьэлIахэм КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** я пашэу удз гъэгъахэр тралъхьащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда хабзэхъумэхэм я фэеплъым.

**УАРДЭ Жансурэт.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# ЩIэпхъаджагъэм зыщыфхъумэ

● Абы дегъэпIейтей



Къуэшрокъуэ Залым



Тэмазэ Муслим



Тхьэгъэлэдж Тимур

**Мы гъэм илъэсипщI ирокъу 2005 гъэм щIэпхъаджащIэ гупым Iэщэ яIэщIэлъу Налшык къалэ дэт хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ятеуэу лъыгъажэ зауэ къызэрагъэхъурэ. А Iуэхугъуэм теухуат иджыблагъэ КъБКъУ-м щекIуэкIа конференцыр. Зэхуэсым кърихьэлIа студентхэм я пащхьэ щагъэлъэгъуащ щIалэгъуалэм я гупсысэкIэри дуней тетыкIэри экстремизмэм хуэшэным зи гъащIэр тезыухуахэм я Iэужьхэм теухуа фильм теплъэгъуэ кIэщIхэр.**

КОНФЕРЕНЦЫР къызэзыгъэпэща, КъБКъУ-м и социально-гуманитар институтым и унафэщI Тэмазэ Муслим зэрыжиIамкIэ, иджырей щIалэгъуалэр хабзэншагъэ зылэжь щIэпхъаджащIэ гупхэм щIыдахьэхым и щхьэусыгъуэхэм ящыщ зыщ тхыдэм фIыуэ зэрыщымыгъуазэр икIи ныбжьыщIэхэр къыхуриджащ щIэныгъэм, псэуныгъэм нэхъри хущIэкъуну, мыхъумыщIагъэм зыдрамыгъэхьэхыну.

- Тхыдэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэман-зэманкIэрэ къэрал щхьэхуэхэм къыщокIуэкI нобэ дигу къэдгъэкIыж Iуэхугъуэхэм хуэдэхэр. Дин нэпцIыр къагъэсэбэпурэ зи мурад фIейхэр зэзыгъэхъулIэхэм ялъокI ныбжьыщIэхэм я гъащIэр экстремизм лъагъуэм тешэныр, - жиIащ Тэмазэм.

Конференцым кърагъэблэгъат КъБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Тхьэгъэлэдж Тимур. Ар студентхэм, зэIущIэм кърихьэлIа псоми ехъуэхъуащ илъэсипщI и пэкIэ Налшык къалэм и нэгу щIэкIа гуауэм хуэдэхэм пэIэщIэу, мамырыгъэр щытепщэ къэралыгъуэ лъэщым щыпсэунхэу.

- Афганистаным къулыкъу щыщысщIэм, си нэкIэ слъэгъуа залымыгъэхэм хуэдэ ди республикэми къыщыхъуащ, ди жагъуэ зэрыхъунщи. Зы щIыналъэм къыщалъхуа щIалэгъуалэм езым хуэдэхэм я псэ ягъэныну Iэщэ кърахащ. Ар гузэвэгъуэ дыдэщ икIи дяпэкIэ апхуэдэ къэмыгъэхъуным яужь дитын хуейщ. Ди щIэблэм дыфщогугъ щIэпхъаджагъэ зигу илъ къарухэм защыфхъумэну. Фэ фи къалэнщ щIэныгъэ зэвгъэгъуэту фи мурадхэр мамыр гъащIэ дахэм теухуауэ фыпсэуну, - захуигъэзащ Тхьэгъэлэджым конференцым кърихьэлIахэм.

Апхуэдэу зэхуэсым къыщыпсэлъащ КъБР-м и министр Къуэшрокъуэ Залым. Абы къыхигъэщащ залымзехьэхэм я щIэпхъаджагъэр ди республикэм и унагъуэ куэдым зэрагъэунэхуар, нобэми абыхэм мамыр гъащIэр къызэпызыуд мурад фIейхэм зэрызрапщытыр. Министрым гу лъитащ экстремизм гъуэгум техьахэр къэкIуэнум зэрыпэIэщIэм абыхэм я пащхьэ щагъэлъэгъуа фильм пычыгъуэр щыхьэт зэрытехъуэр, абы и лъэныкъуэкIэ щIалэгъуалэр тэмэму гъэсэнымкIэ мыпхуэдэ зэIущIэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр. Къуэшрокъуэм фIыщIэ яхуищIащ КъБКъУ-м и лэжьакIуэхэм, зэIущIэр къызэгъэпэщыным зи зэфIэкI езыхьэлIа псоми.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**

*Сурэтхэр* **Елъкъан Артур** *трихащ.*

# Ди къэкIуэнур зэпхахэр

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым иджыблагъэ щрагъэкIуэкIащ зэIущIэ щхьэпэ.**

АР ЗЫТЕУХУАУЭ щытар терроризмэмрэ экстремизмэмрэ щIалэгъуалэр демыгъэхьэхыныр щ. ЗэIущIэр къызэIузыхари езыгъэкIуэкIари Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щIалэгъуалэр гъэсэнымрэ социальнэ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI Шыбзыхъуэ Нэрзанщ.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым и ректорым административнэ лэжьыгъэмрэ шынагъуэншагъэмкIэ и къуэдзэ Дыгъужь Мухьэрбий, КъБР-м экстремизмэмрэ щIалэгъуалэ политикэмрэ пыщIа лэжьыгъэхэр щIыпIэхэм щызэгъэуIунымкIэ и министр Къуэшрокъуэ Залым, зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я къалэ комитетым и унафэщI Абдуллаев Мустэфа, КъБР-м и Парламентым и депутат Тхьэгъэлэдж Тимур, нэгъуэщIхэри. Ахэр тепсэлъыхьащ щIалэгъуалэр гъуэгу пэжым тету гъэсэным, динымкIэ зыщIэзыхъумэурэ дунейр зэтезыуцIапIэхэм защыхъумэным. Абы къыщагъэлъэгъуащ терроризмэм къиишэ насыпыншагъэр къызыхэщ презентацэ.

- Фэ псом япэу фи къалэныр щIэныгъэ зэгъэгъуэтынырации, феджэ. ЩIэныгъэншэхэм зыкъевгъэгъапцIэу зывмыгъэкIуэдыж, гъуэгу мыгъуэм утеувэныр тынш дыдэщ, ауэ абы жыжьэ уишэнукъым: е утекIуэдэнущ, е уи гъащIэ псокIэ къыбдэгъуэгурыкIуэну насыпыншагъэ къыпхуихьынущ. Фызыхуэсакъыж, дэ ди къэкIуэнур зыщыгугъыр фэращ. Гузэвэгъуэ фымылъагъуу фыпсэуну сынывохъуэхъу, - жиIащ Къуэшрокъуэ Залым.

**ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэ.**

*«Новости» РИА хъыбарегъащIэ агентствэм зэбгригъэхащ нэгъуэщI къэралхэм яйхэм япэхъуну проектышхуэу республикэм щагъэзащIэхэм ятеухуауэ КъБР-м промышленностымрэ сатумкIэ и министр Гуэбэшы Залымджэрий ярита интервьюр. Ар фи пащхьэ идолъхьэ.*

Промышленность

# Зихуэдэ щымыIэ къыщIэхыпIэ

**- Совет лъэхъэнэм Iуащхьэмахуэ щIыналъэм хъарзынэу щылажьэу щыта Тырныауз вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэтегъэувэжыным хуэунэтIауэ сыт хуэдэ хэкIыпIэхэр щыIэ?**

-Япэрауэ, Тырныауз къыщIэхыпIэр зихуэдэ щымыIэ щIыпIэщ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Урысей Федерацэм вольфрам, молибден гъэтIылъыгъэу къыщахутам и процент 40-м нэсыр абы хуозэ. ЗыхъумэжыныгъэмкIэ комплексым, машинэухуэ, фIагъ зиIэ пкъыгъуэ быдэ зэхэгъэжьахэр щагъэхьэзыр IэнатIэхэм къыщагъэсэбэп а материалхэм мы зэманым ди къэралыр хуабжьу хуэныкъуэщ. КъищынэмыщIауэ, экспертхэм жаIэм тепщIыхьмэ, апхуэдэ руда гъэтIылъыпIэу Урысейм щыIэхэр 2020 гъэ пщIондэ къаунэщIынущ.

Тырныауз вольфрам-молибден комбинатыр 90 гъэхэм я кум щегъэжьауэ банкротым хуэкIуэрт. ЗэфIэкI иIэжтэкъыми, минитI гъэм и пэщIэдзэм къэувыIэпащ. Ар зэтрагъэувэжыну инвестор зэмылIэужьыгъуэхэр куэдрэ яужь итами, абыхэм къагъэувхэм республикэм и унафэщIхэр арэзы техъуакъым. Хуэмхуэмурэ мылъку къыхалъхьэну жаIэрт, ауэ илъэс гъунэгъухэм проектыр ягъэзэщIэн мурад яIэтэкъым. Республикэм и экономикэмрэ зи гугъу тщIы Iуащхьэмахуэ щIыналъэм и зыужьыныгъэмрэ я дежкIэ къыщIэхыпIэр зэтеублэжыным и мыхьэнэр къэлъытэгъуейщ. Арами, мы гъэр къэсыху Iуэхур и пIэ икIакъым.

**- Иджы щытыкIэм зехъуэж. Сыт абы хэкIыпIэ хуэхъуар?**

- КъыщIэхыпIэм елэжьыну хуит зыщI лицензэр зэрылъапIащэр, сом мелардрэ мелуан щиплIрэ зэриуасэр Iуэхур зэтезыIыгъа щхьэусыгъуэхэм ящыщщ. Лицензэм пэкIуэнур тэмэму зэхуагъэкIуэн щхьэкIэ, гъэтIылъыгъэхэм хуэзэр щIэрыщIэу гъэбелджылыжын хуейщ. Ар иужьу къыщабжар 1996 гъэрщ. Хуэзэну сом мелуан хыщIым нэблагъэр зэрамыIэм къыхэкIыу, федеральнэ органхэм а лэжьыгъэр яхуегъэкIуэкIынутэкъыми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIхэм къыхалъхьар Урысейм и Правительствэм диIыгъри, а полномочиехэр республикэм къратащ. Абы Iуэхур щIегъэпсынщIэ. ЩIэрыщIэу къызэрабжыну ахъшэр республикэ бюджетым щызэхуагъакIуэ, хухахынур зыхуэдизыр, зэпеуэм кърикIуэм тещIыхьауэ, фокIадэ мазэм кIэухыу ягъэбелджылынущ. Федеральнэ планым ипкъ иткIэ, а лэжьыгъэхэр мы гъэм и кIэ пщIондэ зэфIагъэкIын хуейщ. ИужькIэ, етIанэгъэ и ещанэ кварталым, къыщIэхыпIэр къэзыгъэсэбэпынухэм я аукцион едгъэкIуэкIыну ди мурадщ.

**- УФ-м промышленностымрэ сатумкIэ и министр Мантуров Денис а лицензэр Урысей Технологиехэм я мылъкум хагъэхьэмэ фIэкъабылщ. Уэ ар дэпIыгърэ?**

- Къэралым и Правительствэм апхуэдэ унафэ къищтэмэ, къыщIэхыпIэр зэтегъэувэжыным пыщIа лэжьыгъэхэр нэхъ мащIэрауэ илъэс ныкъуэкIэ щIигъэпсынщIэнущ. Рудар къызэрыщIах, абы зэрелэжь щIыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ «Урысей Технологиехэр» корпорацэр адрей инвесторхэм ефIэкIыу къыдолъытэ - а Iуэхум фIыуэ хещIыкI, вольфрамымрэ молибденымрэ я продукцэм хуабжьу хуэныкъуэ промышленностым пыщIэныгъэфI яхуиIэщ.

**- Лэжьыгъэм гъунэ ифлъэмэ, адэкIэ сытхэр къыфпэщыт?**

- КъыщIэхыпIэр зэтеухуэжыныр IэнатIэм зэуIуу зэрызиужьыну стратегие планым и зы Iыхьэу аращ. Рудар къыщIэхынри, гъэбэтэнри, абы елэжьынри, пкъыгъуэ быдэхэр зэхэгъэжьэнри зы щIыпIэм щызэфIэдгъэкIыну тедухуащ. А зэгухьэныгъэм (кластер) Къэбэрдей-Балъкъэрым и предприятищрэ Осетие Ищхъэрэм и зы IуэхущIапIэрэ хыхьэнущ. Мыр мыхьэнэшхуэ зиIэ унэтIыныгъэщ. Сыту жыпIэмэ, нэгъуэщI къэралхэм къэрашхэм я пIэм иувэну продукцэхэр абы щыдгъэхьэзырынущ. КъызэрабжамкIэ, пкъыгъуэ быдэ зэхэгъэжьам къыхэщIыкIа Iэмэпсымэу урысей рынокым щызекIуэм и процент 80 - 90-р хамэ щIыпIэхэм щащIащ.

Тырныауз гъэтIылъыпIэхэм къыщIэтхыну вольфрамымрэ молибденымрэ япэщIыкIэ республикэм щыдгъэбэтэнущ, иужькIэ «Тэрчналмэс» заводым нэхъ кууэ дыщелэжьынущ, пкъыгъуэ быдэ зэхэгъэжьам Iэмэпсымэхэр къыщыхэтщIыкIынущ. Абы дыкъытеувыIащ. Осетие Ищхъэрэм и «Победит» заводми апхуэдэ продукцэ къыщIигъэкIынущ. Урал федеральнэ округым а технологиехэм хуэкIуа предприятэхэр щыIэщи, ахэри Iуэхум къыхэтшэ хъунущ.

Пкъыгъуэ быдэ зэхэгъэжьам фIагъышхуэ зиIэ Iэмэпсымэ къыхэтщIыкIын щхьэкIэ, хуэфащэ технологиехэм дызэрыхуейр къыдгуроIуэ. Абы къыхэкIыу, «КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэ» ОАО-р тщIыгъуу, Корее Ипщэм и бизнес зэгухьэныгъэм и лIыкIуэхэм депсэлъащ. Ди Iуэху еплъыкIэхэр зэтохуэ. Къапщтэмэ, апхуэдэ технологиехэм дызэрыхуэкIуэнум дыхуэхьэзырщ.

**- Рудар щагъэбатэ, вольфрам ангидридхэмрэ молибден концентратхэмрэ щагъэхьэзыр «Гидрометаллург» заводыр Май районым вгъэIэпхъуэну ди мурадщ. Къызэвгъэпэщыну кластерымрэ абырэ дауэ зэхуэхъуну?**

- Заводыр дгъэIэпхъуэнукъым. Нобэрей технологиехэр я лъабжьэу, гидрометаллургием и IэнатIэхэм сыткIи хуэгъэпса предприятэщIэ дыухуэнущ. Гъуэгу картэм ипкъ иткIэ, 2018 гъэм и кIэм ар едгъэжьэн хуейщ. АпщIондэху заводыжьыр Налшык щылэжьэнущ.

**- А Iуэхухэр зэфIэхыным мылъкуу сыт хуэдиз хуэзэну?**

- МызэкIэ ар жыIэгъуейщ. Ауэ IэщIагъэлIхэм пэублэу къызэрабжамкIэ, езы Тырныауз къыщIэхыпIэм трагщIыхьыну руда елэжьыпIэм, лицензэм и уасэр хэмыту, сом мелард 14,2-рэ ихьынущ. Абы къыхэкIыу, предприятэр илъэс зыбжанэкIэ яухуэн хуей хъунущ. ТехнологиещIэхэр гъэхьэзырыным, гъэIэрыхуэным, апхуэдэу «Тэрчналмэс» заводым IэнатIэхэр щызэтеухуэным пыщIа Iуэхухэм сом мелардрэ мелуан щитхурэ хуэзэну къалъытэ. КъимыдэкIэ, технологиехэмрэ ягъэувыну Iэмэпсымэхэмрэ я уасэхэр хэту, гидрометаллург заводыщIэр ухуэнми апхуэдиз - сом мелардрэ мелуан щитхум нэблагъэ текIуэдэнущ. Ар «Вольфрам» компанием хилъхьэнущ. Абы теухуа зэпсэлъэныгъэхэр банк зыбжанэм ядрегъэкIуэкI.

**- НэгъуэщI къэралхэм яйхэм япэхъуну сыт хуэдэ промышленнэ проектхэр иджыри Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэзащIэрэ?**

- Хэхауэ проектитI диIэщ. Псалъэм папщIэ, Прохладнэ проводник ныкъуэ Iэмэпсымэ заводым и хэщIапIэм мастэ (шприц) лIэужьыгъуэщIэхэр щыдгъэхьэзырыну IэнатIэ къыщызэIутхынущ. «ЩIыналъэхэм зэпIэзэрыту зегъэужьын» федеральнэ зэпеуэм проектыр къихьэхуащ. Абы льготэкIэ сом мелуан 467-рэ щIыхуэу хухахынущ, жэрдэмыр зей компанием - Самарэ и «СТК Гуп» IуэхущIапIэм сом мелуан 50 хилъхьэнущ. Мыр икъукIэ дызыхуей IэнатIэщ, сыту жыпIэмэ, апхуэдэ мастэу къэралым щагъэхьэзырыр рынокым щызекIуэм и процент 30-рщ. Iуэхур едгъажьэмэ, сом мелуан 380-м щIигъу и уасэ шприцу мелуан 250-м нэблагъэ илъэсым къытхущIэгъэкIынущ. КъищынэмыщIауэ, цIыхуищэм щIигъум лэжьыгъэ ягъуэтынущ. Кредитым щыщу сом мелуани 185-р мы гъэм хухахыну дыпоплъэ.

IэнатIэр зы илъэсым къриубыдэу зэфIагъэувэнущ.

Апхуэдэу автомашинэхэм папщIэ газ игъэхъуапIэ компрессор станцхэр щащIыну, щызэпкъралъхьэну предприятэщIэ къедгъэжьащ. Ар щIэупщIэшхуэ зиIэ продукцэщ. Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, зэфIэкI зиIэ «Орион-Д» ИТЦ ООО-р абыкIэ дарэгъу къытхуохъу. Мазэ зытIу хуэдэкIэ предприятэр едгъэжьэну ди мурадщ, сом мелардым нэблагъэ и уасэ продукцэ илъэсым къыдитыну дыщогугъ.

**- НэгъуэщI къэрал мылъкури хэту, Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым инвестицэу сыт хуэдиз мы гъэм халъхьа?**

- Псори зэхэту инвестицэу сом мелуан щитхум нэблагъэ республикэм и промышленностым гъэ кIуам хузэщIэдгъэуIуащ. Проектхэм хухахыну мылъкум и нэхъыбэр етIуанэ илъэс ныкъуэм хуозэри, нэгъабэрей бжыгъэм ар зэрыщIигъунум шэч къытетхьэркъым. НэгъуэщI къэрал инвестицэу къыхалъхьэнум мызэкIэ пыухыкIауэ и гугъу схуэщIынукъым. Ауэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыддэлэжьэну хуейхэр мащIэкъым. Абы теухуауэ Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн куэд къытхуагъэлъагъуэ.

ДАХ

# НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу шэрджэсхэм фIыщIэ ящI

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий къыIэрыхьащ Сирием щыIэ адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм къабгъэдэкI телеграммэ. Абы итщ: «Сирием и Адыгэ ФIыщIэ Хасэмрэ ЗэзыгъэуIу Советымрэ даIыгъщ Сирием и щIыналъэм щыIэ дунейпсо террорист организацэхэм ебгъэрыкIуэным теухуауэ Урысейм къищта унафэр. Дэ къытедгъэзэжурэ жытIащ Сирие Хьэрып Республикэм щыщыIэ щытыкIэр зэтегъэувэжыным УФ-м и унафэщIхэр зэреплъыр тэмэму къызэрытлъытэр».

Телеграммэм Iэ щIадзащ Сирием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ **Къэбэрдей Аднан**, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент, Сирием щыIэ адыгэ диаспорэм и лIыкIуэ **Бырсекъуэ Орфан** сымэ. Дэ Бырсекъуэ Орфан телефонкIэ зыпытщIащ икIи иджыпсту зэтеува щытыкIэр къызэрыщыхъум теухуауэ мыр къыджиIащ:

- Сэ Сирие Республикэм щыIэ адыгэ диаспорэм и Iуэхухэр зызогъакIуэ, апхуэдэу щыщыткIэ, а щIыналъэм щызэтеува щытыкIэм фIыуэ сыщыгъуазэщ. Зауэм зэтрикъута къуажэхэм дэсхэм зэпымыууэ сапыщIащи, нэгъэсауэ сыщыгъуазэщ ахэр, псо дыдэр мыхъуми, процент 80-м щIигъур Президент Асад Башар и телъхьэу зэрыщытым. Абы къыхэкIыу дэ, Сирием щыпсэу адыгэхэм, Урысейм, абы и Президент Путин Владимир фIыщIэ яхудощI къызэрыддэIэпыкъум папщIэ. А дэIэпыкъуныгъэр нобэрейм и мызакъуэу, иужьрей илъэситху лъандэрэ зыхыдощIэ. Дэ къызэрытлъытэмкIэ, Урысей Федерацэм дзэ къарукIэ и зэманым зэрызыкъытщIигъэкъуар тэмэмщ. Апхуэдэу я гулъытэм, дэIэпыкъуныгъэм, ди Iуэхур къазэрыгурыIуэм папщIэ фIыщIэ яхудощI ФедерацэмкIэ Советымрэ Къэрал Думэмрэ, Урысейм и цIыхухэм. Дэ Сирием зэпымыууэ дыпыщIащи, абы щыпсэухэм къыджаIэ урысей авиацэм къуажэхэр зэрызэтрикъутэм теухуауэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къытрадзэхэр пцIы зэфэзэщу зэрыщытыр.

* * *

***Дунейпсо Адыгэ Хасэм и президент Сэхъурокъуэ Хь. Хь. деж***

Иорданием щыIэ адыгэ диаспорэр хуабжьу егъэгузавэ Сирием зауэ-политикэ щытыкIэ хьэлъэ зэрыщызэтеувам.

ИГИЛ-м щыщ террористхэр мамыру псэу адыгэ къуажэхэм зэратеуэм къыхэкIыу ди хэкуэгъухэр гузэвэгъуэшхуэ хэхуащ. Адыгэу минипщIхэр щтапIэ ихьэжащ, щэ бжыгъэхэр хэкIуэдащ. Урысейр зи адэжь хэкуу щыт адыгэу Сирием щыпсэухэр Урысейм и зэхэкуэгъухэм я зэзыгъэуIу советым официальнэу хэтщ. Дэ, Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ зым къыхэкIахэр, къанэ щымыIэу дызэтраукIэнымкIэ шынагъуэ къыттехьащ. Абы къыхэкIыу дыныволъэIу адыгэ диаспорэм щыщхэр я адэжь хэкум икIэщIыпIэкIэ гъэIэпхъуэжынымкIэ фыкъыддэIэпыкъуну.

* * *

Иорданием щыIэ Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и унафэщIхэм яфIэтэмэму къащташ УФ-м и Президентым ООН-м къыщипсэлъар. Дэ дыдоIыгъ Сирием и щIыналъэм щрагъэкIуэкI террорист щIэпхъаджагъэхэр къызэпыудыным хуэгъэзауэ Урысейм и унафэщIхэм яубзыхуа Iуэхухэр. Хэхауэ жысIэну сыхуейщ Сирие Хьэрып Республикэм и унафэщIхэм я лъэIукIэ а къэралым и щIыналъэм Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэуэзэда и Къарухэр къызэрыщигъэсэбэпыр хабзэм къызэрезэгъыр.

**Иорданием и Адыгэ ФIыщIэ Хасэм и тхьэмадэ КЪАРДЭН Самир**

Лъэпкъ Iуэху



**Адыгэ къэрал университетым и ректор Хъунэгу Рашид иратыжащ ДАХ-м и саугъэт нэхъыщхьэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ. Абы бгъэдэтхэщ тхакIуэ цIэрыIуэ МэшбащIэ Исхьэкъ, продюсер Нэгъаплъэ Аскэрбий, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и вице-президент НэщIэпыджэ Замирэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.**

# Адыгэ университетым и махуэ

**Адыгэ къэрал университетыр къызэрызэIуахрэ илъэс 75-рэ зэрырикъур Iэтауэ, хэгъуэгу куэдым щыщ щIэныгъэлIхэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ кърихьэлIэу Мейкъуапэ щагъэлъапIащ. Республикэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэт ар, сыту жыпIэмэ, щIыналъэм и зыужьыныгъэм къежьапIэ хуэхъуа IуэхущIапIэщ АКъУ-р. Абы къыщIигъэкIащ нобэ АР-м и зыужьыныгъэм хуэлажьэ, и лъабжьэр зыгъэбыдэ гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, щIэныгъэлIхэр, экономикэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, финансхэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэщIагъэлIхэр, усакIуэхэр, сурэтыщIхэр, журналистхэр, нэгъуэщIхэри. Зэгуэр АКъУ-м и студенту щытахэр иджы Адыгейм и закъуэкъым къызыхуэсэбэпыр, атIэ Урысейми, нэгъуэщI къэралхэми унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зыщегъэужьыным я гуащIэ халъхьэ.**

БЛЭКIА тхьэмахуэм и кIуэцIкIэ АКъУ-м лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ. Абы лекцэ къыщеджащ Бельгием, Тыркум, Италием, Сербием, нэгъуэщI къэралхэми къикIа щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэм я щIыпIэ хъуащ университетыр, студентхэрати - я IутIыжт.

АКъУ-м и ректор Хъунэгу Рашид хузэфIэкIащ университетым республикэм, къэралым папщIэ илэжь псори екIуу утыку кърихьэн, еджапIэ нэхъыщхьэм хамэ къэралхэм щиIэ пщIэр цIыхубэм ригъэлъагъун. Ар къалъытэу абы и пэшым щызэблэкIырт хьэщIэ лъапIэхэр, ныбжьэгъу пэжхэр, лэжьэгъу жыджэрхэр.

Илъэс куэд хъуауэ и IэщIагъэм зэрыхуэпэжым, республикэм и зыужьыныгъэм, АКъУ-р ипэкIэ гъэкIуэтэным хьэлэлу зэрыхуэлажьэм папщIэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и саугъэт нэхъыщхьэмрэ ЩIыхь тхылъымрэ хуигъэфэщащ Хъунэгу Рашид. Ари Къэбэрдей Адыгэ Хасэм къыбгъэдэкI саугъэтхэри ректорым иритащ КъАХ-м и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.

ЗэIущIэр зэрекIуэкIам, АКъУ-м и Iуэхухэм ятеухуа тхыгъэ убгъуа ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**
*Налшык - Мейкъуапэ.*

Курортхэр




# Метр 3847-м ищхьэкIэ

**2015 - 2016 гъэхэм я щIымахуэ бгылыжэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыру, щыIэ къехыпIэхэр гъэкъэбзэнымрэ егъэфIэкIуэнымрэ пыщIа лэжьыгъэхэм къадэкIуэу, «Iуащхьэмахуэ курорт» ПАО-м и къарукIэ «Гарабаши - Мир» щIыпIэм гъуэгущIэ щаухуащ. Иджы Европэм и бгыщхьэ нэхъ лъагэ дыдэхэм ящыщ зым лыжэкIэ е сноубордкIэ туристхэр къежэхынущ, сыту жыпIэмэ, кIапсэ гъуэгущIэ яухуэм и «Гарабаши» станцыр метр 3847-м ищхьэкIэ щыIэщ.**

«МИР» станцым и къежьапIэр нэхъ бгъуэ зэращIам, «Мир - Кругозор» щIыпIэм нэгъуэщI къэжыхьыпIэщIэ къызэрыщызэIуахам бгы-лыжэ спортымрэ сноубордымрэ дихьэххэр хуабжьу щыгуфIыкIынущ. Бгы-лыжэ гъуэгухэм я шынагъуэншагъэм пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкIащ, къэжыхьыпIэхэм ящыщу мывэхэр къыщыгуэху щIыпIэхэр гъущI хъар хэхакIэ ягъэбыдащ.

«Iуащхьэмахуэ курорт» ПАО-м и кIапсэ гъуэгухэм я станциплIым токыр щIым зэрыхашэ пкъохэр щагъэуващ. Уафэгъуагъуэм щызыхъумэ, щыблэр Iузыш, абы и къарур зыгъэкIуэщI, зыгъэмащIэ Iэмэпсымэхэр щIэгъэкъуэн псоми трагъэуващ. Вольтышхуэм хуэщIауэ «Гарабаши» станцым ищхьэкIэ щыIэ уэгу кIапсэхэр токым зэрыпадзэным хуэхьэзырщ.

ЩIымахуэ бгы-лыжэ лъэхъэнэм ирихьэлIэу «Мир» станцымрэ «Гарабаши» станцымрэ я зэхуакум кIапсэ гъуэгум и ещанэ чэзур щаутIыпщыну я мурадщ. «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» ОАО-м и инвестицэ планым тету ухуэныгъэр къызэрагъэпэщ. СтанцитIми монтаж лэжьыгъэхэр щызэфIэкIащ, «Мир» станцым операторхэм я пэшхэр щагъэуващ, кIапсэхэр яшэщIащ, тросхэр пкъохэм падзащ. «Рома» франджы компанием и IэщIагъэлIхэм я нэIэ тету, «Ай-Би-Си Промстрой» ООО генеральнэ подрядчикым лэжьыгъэ псори ирегъэкIуэкI. 2015 - 2016 гъэхэм я бгы-лыжэ лъэхъэнэм щыщIидзэм ирихьэлIэу къуршым дэзыш Iэмэпсымэхэр ирагъэжьэну траухуащ. Абы и ищIагъ станцым метр 3455-рэ, ищхьэ станцым метр 3847-рэ я лъагагъынущ. КIапсэ гъуэгум метр 1675-рэ и кIыхьагъщ, пкъо 12-м яIыгъщ. ЗэраIэт Iэмэпсымэр цIыхуи 8-м ятещIыхьа гондолэхэмкIэ гъэпсащ. ЯутIыпща нэужь, зы сыхьэтым цIыху 750-рэ зэблигъэкIыфынущ, иужькIэ а бжыгъэр 1500-м яхунэгъэсынущ.

ЛъэхъэнэщIэм къриубыдэу курортым и инфраструктурэм щхьэхуэу зригъэужьынущ. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, а зэманым турист куэд къахуеблэгъэнущ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, 2013 - 2014 гъэхэм я бгы-лыжэ лъэхъэнэм цIыху мин 250-м нэблагъэм Iуащхьэмахуэ лъапэ зыщагъэпсэхуащ. Ар нэгъабэрей бжыгъэм хуэдитIкIэ щIегъу.

**ТАРИМ Алисэ.**

# Дыгъэмыс зэрешалIэ

**Жэпуэгъуэ мазэм и 1 - 7-хэм Дыгъэмыс щекIуэкIащ къэралым и газетхэмрэ журналхэмрэ я лэжьакIуэу минрэ щитхум щIигъу зыхэта «Зэрыщыту Урысейр-2015» епщыкIубгъуанэ фестивалыр. Абы щытепсэлъыхьащ мы зэманым цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къапэщыт Iуэху нэхъыщхьэхэм.**

ФЕСТИВАЛЫМ хэтахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Журналистхэм я Дунейпсо Федерацэм и президент Бумелэ Д., ЮНЕСКО-м и генеральнэ директорым и чэнджэщэгъу Юшкявичюс Г., ЮНЕСКО-м журналистхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ и къудамэм и унафэщI Ажихинэ Н., политик цIэрыIуэхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, журналистхэр.

ХьэщIэ куэд щызэблэкIащ «Кавказым и унэм». ХьэщIэхэр хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэну едэIуащ Дагъыстэн Республикэм и Iэтащхьэ Абдулатипов Рэмэзан жиIахэм. Абы жэуап гъэхуахэр яритащ къызэхуэсахэр зыщIэупщIа псоми. Пщыхьэщхьэм мы унэм щеблэгъахэр Кавказым ис лъэпкъхэм я шхыныгъуэхэм ирагъэдзэкъащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ фестивалым хэтащ «Баксанский вестник» газетым и редактор нэхъыщхьэ Доткъул Сэфарбий, «Голос Чегема» газетым и редактор нэхъыщхьэ Тхьэгъэпсо Риммэ, «Советская молодежь» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къардэн Мухьэмэд, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис, «Черекские вести» газетым и редактор нэхъыщхьэ Чабдаров Марат сымэ.

Фестивалым саугъэтхэр щратыжащ конкурс зэмылIэужьыгъуэхэм щытекIуахэм. 2014 гъэм ягъэхьэзыра журналист лэжьыгъэ нэхъыфIым папщIэ лауреат хъуащ «Къру закъуэ» фильмыр («Налшык» жылагъуэ телерадиокомпание, зыгъэхьэзырахэр: Вэрокъуэ В., Мартиросовэ Р., Карповский В.). «ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэр коррупцэм и бийщ» урысейпсо зэпеуэм зэрыщытекIуамкIэ дипломыр къыхуагъэфэщащ «Къэбэрдей-Балъкъэр» программэхэр къэзыт къэрал телекомпанием и лэжьакIуэ гупым (зыгъэхьэзырахэр Мэкъуауэ И., Хаджиев И. сымэщ).

Район газетхэм я зэпеуэм щытекIуауэ къалъытащ Шэджэм муниципальнэ районым и «Голос Чегема» газетыр. Абы «IэщIагъэм зэрыхуэIэкIуэлъакIуэм, газетым еджэхэм зэрахуэпэжым папщIэ» номинацэмкIэ Урысейм и Журналистхэм я союзым и дипломыр къратыжащ.

## НОБЭ

♦**Стандартхэм я дунейпсо махуэщ.** 1946 гъэм къызэрагъэпэщащ СтандартизацэмкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэр

♦**Заповедникхэм щылажьэхэм я махуэщ**

♦**Беларусь Республикэм Анэм и махуэр щагъэлъапIэ**

♦Хьиджрэ махуэгъэпсымкIэ илъэсыщIэр - 1436 гъэр - къохьэ.

♦1851 гъэм Лондон къыщызэрагъэпэщащ Рейтер инджылыз хъыбарегъащIэ агентствэр. Ар зи жэрдэмыр журналист Рейтер Паульт. Агентствэр иджыпсту дунейм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщщ.

♦1926 гъэм Лондон къыщыдэкIащ Милн Алан Александр и «Винни-Пух» тхылъыр. Ар бзэ 25-кIэ зэрадзэкIащ, экземпляр мелуан бжыгъэкIи къыдэкIащ. Заходер Борис урысыбзэкIэ зэридзэкIри, ди къэралми ар таурыхъ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэхэм хабжэ щыхъуауэ илъэс куэд щIауэ къокIуэкI.

♦Урысей пащтыхь гуащэ, Павел Езанэм и щхьэгъусэ, къэралым и императору щытахэу Александр Езанэмрэ Николай Езанэмрэ я анэ **Романовэ Марие** къызэралъхурэ илъэс 256-рэ ирокъу.

♦США-м и 34-нэ президенту щыта **Эйзенхауэр Дуайт** къызэралъхурэ илъэси 125-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, сценарийхэр зытх, УФ-м и цIыхубэ артист **Чухрай Павел** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Режиссёр, КъБР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Темрокъуэ Риммэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Гимнаст цIэрыIуэ, Олимп джэгухэм медаль 15 (абыхэм ящыщу блыр дыщэу) къыщызыхьа **Андрианов Николай** къызэралъхурэ илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Хоккеист, гъэсакIуэ, Олимп джэгухэм тIэунейрэ я чемпион **Касатонов Алексей** и ныбжьыр илъэс 56-рэ ирокъу.

♦Модельер, УФ-м и цIыхубэ художник **Юдашкин Валентин** и ныбжьыр илъэс 52-рэ ирокъу.

♦Ставрополь щIыналъэм и губернатор **Владимиров Владимир** и ныбжьыр илъэс 40 ирокъу.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**IэщIагъэ зиIэ Iэужь иIэщ.**

Банк Iуэхухэр

# ПщIэ лей щIатынукъым

**2015 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ потребительскэ кредитхэм щхьэщатыкIхэр процент пункт 0,5-м щегъэжьауэ 2-м нэскIэ ХъумапIэ банкым егъэмащIэ. Ар нэхъыщхьэу зэхьэлIар дяпэкIэ щIыхуэ къэзыщтэнухэрщ. Абыхэм нэхъыбэ дыдэу щхьэщатыкIынур процент пунктитIщ.**

«ЦIЫХУХЭР зи щыхьэт потребительскэ кредитым» ди ахъшэмкIэ илъэсым пэщIэдзэу процент 16,5-рэ тохьэ. «Щыхьэтыншэ потребительскэ щIыхуэмрэ» «НэгъуэщI щIыхуэхэр зэрызэхуагъакIуэ потребительскэ кредитымрэ» ди ахъшэмкIэ илъэсым пэщIэдзэу хуэзэр процент 17,5-рэщ. Кредит къэзыщтэм, абы и зэфэкIым, и Iуэху зыIутым ятещIыхьауэ дэтхэнэми щхьэщитыкIын хуейр щхьэхуэу ягъэув.

Уней подсобнэ хозяйствэ зезыхьэхэм хухах кредитми зэхъуэкIыныгъэ халъхьащ. ДяпэкIэ щIыхуэ къеIызыххэм ди ахъшэмкIэ илъэсым процент 22,5-рэ щхьэщатыкIынущ.

Кредит къэзыщтэхэм абы пщIэ лей щIатынукъым.

*«Урысейм и ХъумапIэ банкым» и пресс-IуэхущIапIэ.*

# «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр»



**Махуитхум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкIа «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» V дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалыр жэпуэгъуэм и 9-м Налшык и Музыкэ къэрал театрым щызэхуащIыжащ. Бангладешым, Тыркум, Белоруссием, Ганэм, Индием, Италием щыщ къэфакIуэ телъыджэхэм къадэкIуэу ди щIыналъэм и къэфакIуэ пашэхэр хэтащ фестивалыр зэрызэхуащIыжым теухуауэ къызэрагъэпэща концертым.**

КОНЦЕРТЫМ и пэ къихуэу республикэм и журналистхэр къэфакIуэхэм яIущIащ, зыщIэупщIэхэм жэуап кърататащ. Тэрмэшхэр зыдагъэIэпыкъуурэ, хьэщIэхэм къыджаIащ фестивалым хыхьэу ди щIыналъэм щагъэкIуа махуэхэр щIэщыгъуэ икIи нэгузыужь зэращыхъуар, щIыпIэм и дахагъыр, абы щыпсэу цIыхухэм дальэгъуа гуапагъэр ягу зэрыдыхьар, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я къафэ гъуазджэм, фащэхэм, щэнхабзэм, хабзэм кIэлъыплъыну IэмалыфI зэраIар, къайхъулIэмэ, республикэм иджыри къытрагъэзэну зэрахъуэпсапIэр. Псом хуэмыдэу хьэщIэхэм гукъинэж ящыхъуащ зыщрагъэплъыхьа, я нэгу зыщрагъэужьа Iуащхьэмахуэ лъапэр, Шэджэм псыкъелъэхэр, Гуэл щхъуантIэхэр.

Ди щIыналъэм щекIуэкI джэгу, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм зэрыщыхабзэу, Iуэхур хьэтиякIуэм дахэу иригъэкIуэкIащ. Зи лIыкIуэ къэралым и ныпыр зыIыгъ къэфакIуэхэр чэзууэ утыкум щрагъэблагъэм, пшыхьым кърихьэлIахэр IэгуауэкIэ пежьащ.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр, «Iуащхьэмахуэ и щыгу щагъэзащIэ къафэхэр» дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалым и унафэщI **Къумахуэ Мухьэдин** къытеувыIащ программэр щIэщыгъуэу зэрызэхагъэуvам, абы хыхьэу хьэщIэхэм республикэм и еджапIэхэм, щIыналъэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ зэныбжьэгъугъэм и концерт гукъинэжхэр зэрыщатам, Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ къэрал библиотекэм «Дунейм и тхыпхъэхэр» зыфIаща лъэпкъ фащэхэм я махуэшхуэр гукъинэжукъызэрызэрагъэпэщам.



- Ди жагъуэ зэрыхъунщи, хьэщIэхэр щедгъэжьэжыну пIалъэр къэблэгъащ. Абыхэм я псэм щыщ Iыхьэ ди щIыналъэм къагъанэ, ди псэм щыщ Iыхьэ зэрыздахьым хуэдэу, - жиIащ Къумахуэ Мухьэдин.

Министрым и гуапэу къыхигъэщащ хьэщIэхэр ди щIыналъэм зэрыщыIа махуэхэр дуней псом и гъуазджэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я дахагъэхэмкIэ гъэнщIауэ зэрыщытар, къэфакIуэхэм республикэм щагъэкIуа махуэхэр гукъинэж ящыхъуну зэрыщыгугъыр. Нэгъуэщ| щIыпIэхэм къикIа къэфакIуэ гупхэмрэ ЮНЕСКО-м и лIыкIуэ хьэщIэ лъапIэхэмрэ абы фIыщIэ яхуищIащ, щэнхабзэ зэхыхьэр зэрагъэдэхам папщIэ. Ди щIыналъэм хьэщIэхэм иджыри къытрагъэзэжмэ зэригуапэр яжриIа нэужь, Къумахуэ Мухьэдин къэфакIуэ гупхэм я художественнэ унафэщIхэм яритащ фестивалым зэрыхэтам щыхьэт техъуэ щIыхь тхылъхэр, саугъэтхэр.

Фестивалым и хьэщIэ лъапIэхэр иужькIэ утыкум ирагъэблэгъащ. Ахэр ЮНЕСКО-м ЦIыхубэ творчествэмкIэ и дунейпсо зэгухьэныгъэм и Урысей лъэпкъ къудамэм и Iуэхузехьэхэу УФ-м и цIыхубэ артист, профессор **Максимов Евгенийрэ** Урысейм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гурьянов Юрийрэ**, этноспортымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и президент, Плехановым и цIэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетым и доцент **Кыласов Алексей** сымэщ.

Зэхыхьэшхуэр гукъинэж, гъэщIэгъуэн зэрищыхъуар, зыщыщ лъэпкъкIэ, зэрыт динкIэ зэхуэмыдэ, зи бзэкIи, хабзэкIи, щэнхабзэкIи лъэпкъ фащэкIи зэмыщхь къэфакIуэ гупхэр фестивалым зэрызэкъуигъэувар къыхагъэщащ КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий**, республикэм и Правительствэм хэтхэм.

Гупхэм я художественнэ унафэщIхэри зэхыхьэм къыщыпсэлъащ. Абыхэм жаIащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ зэхыхьэшхуэм хэтыну Iэмал зэраIам зэрыщыгуфIыкIыр, щIыналъэхэм яку дэлъ зэпыщIэныгъэр нэхъри быдэ хъуну, гуфIэгъуэ, зыужьыныгъэ фестивалым къахудэкIуэну зэрагуапэр.

КъэфакIуэ гупхэм удахьэхыу зыкъагъэлъэгъуащ. Концертым кърихьэлIахэм щIэщыгъуэ икIи нэгузыужь ящыхъуащ щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къикIахэм я къафэ гъуазджэр. НэгъуэщI щIыпIэхэм щыщхэм я къафэхэм укIэлъыплъыну гъэщIэгъуэнт. Апхуэдэу пшыхьыр ягъэдэхащ ди республикэм и «Балкария» IуэрыIуатэ-этнографие къэрал ансамблым, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Тэрч къэзакъхэр» ансамблым, «Вагъуэ шырхэр», «Нал цIыкIу» ансамблхэм. КIэщIу жыпIэмэ, щIыналъэхэм ис лъэпкъхэр зэпызыщIэ, абыхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр зыгъэбыдэ зэхыхьэшхуэм кърихьэлIа псоми фестивалыр ягу нэсащ.

Республикэм исхэр яфIэгъэщIэгъуэну кIэлъыплъащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм утыку кърахьа щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм, къафэ гъуазджэм. Ар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ лъэпкъхэм ди зэпыщIэныгъэр, зэныбжьэгъугъэр щэнхабзэмкIэ ягъэбыдэну зэрыхущIэкъум, илъэс етхуанэ хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI мы зэхыхьэм щIыналъэхэри абы щыпсэухэри зэрыхуэныкъуэм, зэхыхьэр зыгъэбжьыфIэхэм дунейпсо щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIым, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм я щэнхабзэ тхыпхъэхэр щагъэлъагъуэ мы зэхыхьэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

Зэхыхьэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа къэфакIуэхэр пшыхьым и кIэухым удж хэш къызэдэфащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **Мамий Руслан** *трихащ.*







● Гуазджэ

# СурэтыщIым и тхылъ

**«Эльбрус» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа «Мухадин Кишев: Лабиринты гармонии» тхылъым и лъэтеувэр Печатым и унэм щекIуэкIащ. «Си гугъэмкIэ, мы зэIущIэм кърихьэлIащ ди сурэтыщI пажэри абы и IэдакъэщIэкIхэри нэхъыфI дыдэу зылъагъу псори», - жиIащ зэIущIэр къыщызэIуихым КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Людмилэ.**

«СУРЭТЫЩIЫР зрикIуэ лъагъуэр псысэ пэлъытэщ. Хьэлэмэт нэхъыбэ илъагъухукIэ, къэмыувыIэу нэхъ жыжьэ кIуэну хуейщ... ауэ а гъуэгум гъунэ иIэкъым» - щыжеIэ тхылъым и пэублэм. Тхылъыр теухуащ КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, УФ-м и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, ХудожествэхэмкIэ Урысей, Европэ академиехэм хэт КIыщ Мухьэдин и гъащIэмрэ и лэжьыгъэмрэ. Апхуэдэуи абы я еплъыкIэхэр къыщагъэлъэгъуащ гъуазджэм хэт цIыху пажэ куэдым.

ЗэIущIэм и хьэщIэ лъапIэт езы КIыщ Мухьэдинрэ и щхьэгъусэ Мосс Жаклин Дианэрэ. Абыхэм фIыщIэ хуащIащ тхылъыр къыдэгъэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьа псоми. «Си щIыналъэм сыкъыщыкIуэжым и деж, нэгъуэщI мыхъуми, зы Iуэху дахэ гуэр сщIэн хуейуэ къалэну зыхузогъэувыж. Ауэ иджырей си къэкIуэжыгъуэм сэ езым тыгъэ лъапIэ къысхуащIащи, си гуапэщ», - къыхигъэщащ КIыщ Мухьэдин.

Уи ныбжьэгъум хуэдэу зыми уи лэжыгъэр къыгурыIуэну е зыхищIэфыну къыщIэкIынкъым, абы щыгъуэм ари сурэтыщIу щытмэ. КIыщым къехъуэхъуну зэIущIэм зыкъригъэхьэлIат КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI Бгъэжьнокъуэ Заурбэч.

- Къыхэзгъэщынур зыт: КIыщ Мухьэдинрэ Жаклинрэ республикэм щымыпсэуми Къэбэрдей-Балъкъэрым сыт щекIуэкIми къыщыхъуми зэпымыууэ щыгъуазэу щытщ. Абы къикIыращи, ахэр гукIи псэкIи мы щIыналъэм епхащ, ар ящыгъупщэркъым. ЦIыху куэд щыIэщ я Хэкум икIамэ, нэгъуэщIхэм яхэгъуэщэжу. Мухьэдинрэ Жаклинрэ апхуэдэкъым. КIыщыр ящыщщ лъэпкъыр зэрыгушхуэ ди цIыхухэм. СурэтыщIым гулъытэ яхуещI щIэблэми. Къулкъужын къуажэм дэс ныбжьыщIэхэр сурэт щIыным и щэхухэм абы щыхигъэгъуазэу, и щхьэгъусэ Жаклин инджылызыбзэмкIэ дерсхэр щиту плъагъуныр куэд и уасэт. Ди фIэщ мэхъу абыхэм къабгъэдэкIыу сабийхэм зэхаха дахагъэхэр дэтхэнэми ягу къызэринэжынур, - жиIащ Бгъэжьнокъуэм.

«КIыщ Мухьэдин и тхылъыр къызэрызэIусхыу япэу гу зылъыстар тхыгъэхэм я псалъащхьэхэрщ. Абыхэм ящIэлъщ Iущыгъэ, лъагъуныгъэ, гушхуэныгъэ гурыщIэхэр. Апхуэдэущ ар къэзыухъуреихь цIыхухэм ягу зэрилъри, дохъуэхъу сурэтыщIым дяпэкIи гупсысэ куу иIэну, гъащIэм, Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэ къабзэр и IэдакъэщIэкIхэм щыпхишыну», - жиIащ «Заман» газетым и тхьэмадэ Аттаев Жэмал.

ТхылъыщIэр зэхэзыгъэува Мосс Жаклин Дианэ къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIащ, апхуэдэуи псалъэ зыбжанэкIэ абыхэм захуигъэзащ: «Псом япэу фIыщIэ хуэсщIынут Ацкъан Руслан. Абы куэд щIауэ жиIэрт мыпхуэдэ лэжьыгъэ къыдэгъэкIын зэрыхуейр. Илъэс пщыкIутху хъуауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым илъэс къэс дыкъокIуэжри, сыт щыгъуи Правительствэри, министерствэхэри, ныбжьэгъухэри, уэрамхэм дызыщыхуэзэ цIыху къызэрыгуэкIхэри мыбы гуапэу къыщытIуощIэ. Ар дэ ди дежкIэ лъапIэщ. Гъуазджэм хууиIэ лъагъуныгъэм щхьэкIэ зэпымыууэ улэжьэфынущ, абы щIэгъэкъуэн ущиIэжмэ, нэхъыбэж пхуэщIэнущ. Ар зыхыдощIэри, мы щIыналъэм дыкъызэрырагъэблагъэр си дежкIэ пщIэшхуэу къызолъытэ. КIыщ Мухьэдин къызэрысцIыхуам куэд къызитащ сэ, абы и фIыгъэкIэ фи лъэпкъ щэнхабзэр, тхыдэр, бзэр нэхъ куууэ къэсщIэну Iэмал сиIащ. ЕвропэмкIэ сыщыщыIэми, псэкIэ зыхызощIэ иджыри зы плIанэпэ цIыкIу сиIэ хуэдэу, ар Къэбэрдей-Балъкъэрырщ. Адыгэ щэнхабзэр си дежкIэ хъугъуэфIыгъуэшхуэщ...»

КIыщ Мухьэдин Iэ зыщIидза и тхылъхэр къызэхуэсахэм яритащ.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ*

● Жэрдэм



# Гудзакъэ зыхэлъхэр

**Аруан щIыналъэм и автоинспекторхэм ящIыгъуу школхэм кIуащ, гъуэгухэм къытехьащ мы IэнатIэм щылэжьауэ пенсэм тIысыжахэмрэ жылагъуэ лэжьакIуэхэмрэ.**

РЕСПУБЛИКЭМ щаублащ ГАИ-ГИБДД IэнатIэхэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 зэрырикъум зэрызыхуагъэхьэзырым хиубыдэ «Хранители дорог во времени» Iуэхугъуэхэр. ЗэщIыгъуу ирагъэкIуэкIа япэ зэхыхьэм кърихьэлIащ Нарткъалэ щыпсэу цIыху миным щIигъу. Абы хэтащ полицэм и район къудамэм и деж щыIэ Жылагъуэ советым и унафэщI Сокъур Риммэрэ ветеранхэм ядэлэжьэнымкIэ IэщIагъэлI нэхъыщхьэ ХьэщIэлI Мэремрэ икIи сабийхэм драгъэкIуэкIащ школым зэрыкIуэну гъуэгу нэхъ шынагъуэншэр къызэрыхахыным теухуа дерсхэр.

Ветеранхэмрэ ГИБДД-м и дэIэпыкъуэгъу ныбжьыщIэхэмрэ школакIуэхэр щыгъуазэ ящIащ блэкIа илъэсхэм милицэм я къалэну щытам, сыт хуэдэ зэманми гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэр гъэзэщIэныр шынагъуэншагъэм и лъабжьэу къызэрынэжым тепсэлъыхьащ.

Iуэхугъуэр къызэзыгъэпэщахэмрэ гъуэгу инспектор ныбжьыщIэхэмрэ (ЮИД) школакIуэхэм ирагъэлъэгъуащ автомашинэ щызекIуэ гъуэгум зэрызэпрыкIыпхъэр, уеблэмэ зэгъусэу ирикIуащ еджапIэм хуэкIуэ гъуэгу шынагъуэншэм.

*Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэу КъБР-м щыIэм и пресс-IуэхущIапIэ.*

# Зи чэзу еянэ къыдэкIыгъуэр

● «Нур»

**Журналыр къызэIуех фокIадэм и 1-м, ЩIэныгъэм и махуэм, теухуа сурэтхэмрэ Джэдгъэф Борис итха «Алыфбей» усэмкIэ.**

АДЭКIЭ итщ «Зэман зэблэкIыгъуэ» къалмыкъ таурыхъыр, «Хэт нэхъ щхьэхынэр?» авар таурыхъыр. Ахэр адыгэбзэкIэ зэзыдзэкIар Сэралъп Заремэщ. КъыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIым фыкъыщеджэнщ Мысачэ Пётр сабийхэм яхуитха усэхэм.

«ЩIэблэ» Iыхьэм дегъэцIыху зи адыгэбзэр гъэхуа, фIыуэ еджэ, Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэм дахьэх ныбжьыщIэхэр.

КъыкIэлъыкIуэ напэкIуэцIым итщ Балъкъыз Батий цIыкIухэм папщIэ итха усэхэр.

АдэкIэ журналым фыхигъэгъуэзэнщ кавказ лъэпкъхэм я псалъэжьхэм. Мы къыдэкIыгъуэм традзащ осетин, шэрджэс, къумыкъу, нэгъуей, къэрэшей псалъэжьхэм ящыщхэр. НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар Къуэдзокъуэ ФатIимэщ.

«Инэмыкъуэ» Iыхьэм традзащ композитор Даур Аслъэнрэ усакIуэ Хьэнфэн Алимрэ зэдатха «Анэдэлъхубзэ» уэрэдыр.

Щхьэц зехьэкIэм адыгэхэм сыт щыгъуи гулъытэшхуэ зэрыхуащIым, ипэкIэ сабийм и «дзыгъуэщхьэцыр» щаупскIэ гуфIэгъуэ тхьэлъэIу иращIэкIыу зэрыщытам, ди зэманым щхьэцым кIэлъыплъын зэрыхуей щIыкIэм парикмахер Щоджэн Ритэ щытопсэлъыхь «Щхьэц зехьэкIэ» тхыгъэм.

«Дэ къытхуатх» Iыхьэм традзащ Бабыгуей Миланэ и IэдакъэщIэкI «Си гуфIэгъуэр» усэ цIыкIур, апхуэдэуи мыбдежым «Нэхъыжь ущие» псалъащхьэм щIэту фыкъыщеджэнщ «ШхэкIэм хабзэ иIэщ» жиIэу КIурашын БетIал итхыжауэ щытам. Ар топсэлъыхь Iэнэ пэрысыкIэм.




Австрием и Лейбниц къалэм ныбжьыщIэхэм щрагъэкIуэкIащ дзюдомкIэ Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным теухуа зэхьэзэхуэ. Абы щытекIуащ Урыху къуажэ щыщ Блий Iэюб. Спортсмен ныбжьыщIэм и зэфIэкIхэм зэрыхигъахъуэм теухуауэ «Жаншэрхъ» Iыхьэм традзащ Жыласэ Заурбэч итха «Европэм и кубокыр зи Iэрылъхьэ» тхыгъэр.

АдэкIэ тет псалъэзэблэдзыр пхъэщхьэмыщхьэм теухуащ.

Мы къыдэкIыгъуэм «Нурым и гъуджэм» къощ Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Къэсейхьэблэ къуажэм щыщ Бэрэздж Миланэ. Миланэ и усэхэмрэ таурыхъ кIэщIхэмрэ зэрыт тхылъ 2013 гъэм Налшык къыщыдэкIащ. Миланэ адыгэбзэкIи урысыбзэкIи матхэ, иджыпсту еханэ классым щIэсщ.

**АБЗУАН Пщымахуэ.**

● Футбол

# «Тэрч-2»-р Налшык къыщызэтрагъэувыIэ

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Тэрч-2» (Грознэ) - 2:0 (1:0). Налшык. «Спартак» стадион. Жэпуэгъуэм и 11-м. ЦIыху 700 еплъащ.**

**Судьяхэр**: Хомченкэ, Константинов, Петров (псори Астрахань щыщщ).

«**Спартак-Налшык**»: Антипов, Кузнецов (Ахриев, 72), Мурачёв, Дашаев, Соблыр, Гъурф, Дроздов (ЛIуп, 64), Каркаев, ДзыхьмыщI (Крамаренкэ, 46), Бажэ (Балъкъэр, 84), Гугуев (Семёнов, 90).

«**Тэрч-2**»: Майрбеков, Адаев, Абубакаров, Шахтиев, Кадиев, Абдурашидов, Мутошвили, Шалбузов (Осмаев, 46), Дегтярёв, Кацаев, Гарисултанов (Майсултанов, 77).

**Топхэр дагъэкIащ**: Гугуевым, 27 (1:0). Бажэм, 71 (2:0).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Дегтярёвымрэ Гугуевымрэ.

«IЭФIЫПСЫР» къызэрытекIуа щIыкIэм игъэгубжьа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэмрэ тренерхэмрэ «Тэрч-2»-м щыдэджэгуну махуэр къахуэгъэсыртэкъым. Ахэр щIэхъуэпсырт яхуэмыфащэу очкоищ зэрытрахар псоми наIуэ щащIыну. Абы папщIэ я хьэрхуэрэгъури хэплъыхьу къыхахам хуэдэт - джэгугъуибл хъуауэ зэкIэлъхьэужьу грознэдэсхэр зыми хигъэщIэфыртэкъым.

Хабзэ зэрахуэхъуауэ, зэIущIэм и пэщIэдзэ дыдэм налшыкдэсхэм бжьыпэр яубыдыну хущIэкъуащ. ХьэщIэхэм я гъуэм и лъэныкъуэ зырызымкIэ жыджэру къыщебгъэрыкIуэрт ДзыхьмыщI Маратрэ Каркаев Алимрэ. А тIум языращ бжыгъэр къызэIузыхыну япэу Iэмал къызыхукъуэкIари. АрщхьэкIэ Гъурфым къриту ДзыхьмыщIыр зэуа топыр зымащIэ дыдэкIэ гъуэм хуэзакъым.

ХьэщIэхэри ипэкIэ кIуэтэну хущIэкъурт. Абы щыгъуэми я гъуэр зэрахъумэжын хуейр зыщагъэгъупщэртэкъым. Апхуэдэу щыт пэтми, япэ сыхьэт ныкъуэр щиухым «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр къызэIуихащ. Гугуевыр «Тэрч-2»-м и гъуащхьэтетым ебзэджэкIри, топыр Iэзэу гъуэм дигъэкIащ.

ЗымащIэ дыдэ фIэкIа дэмыкIауэ, ДзыхьмыщIым бжыгъэр игъэбэгъуэфыну щытащ. Марат и закъуэу гъуэм кIуэцIрыжащ икIи, топым еуэну зыщигъэхьызырым, я хьэрхуэрэгъухэм я гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зыр къыкIэлъысри, зэран къыхуэхъуащ.

Джэгум и етIуанэ Iыхьэм хэгъэрейхэр нэхъ гуащIэжу ебгъэрыкIуащ. АрщхьэкIэ езыхэм топ къыхудагъэкIыным иIэжар мащIэ дыдэщ. Насып яIэти, Кацаевыр зэуа топыр гъуэм и пкъом техуащ.

Абы «Спартак-Налшыкыр» зэригъэгупсысыжащ. Ди щIалэхэм къагурыIуауэ къыщIэкIынущ апхуэдэурэ текIуэныгъэр зэрыIэщIахыфынур. Абдежым и «псалъэ быдэр» щыжиIащ я капитан Бажэ Амир. Ар штрафнойм имыхьэу лъэщу зэуа топыр къэзыщтэфын гъуащхьэтет щыIэу къыщIэкIынкъым.

2:0-у япэ ища иужькIэ псори гурыIуэгъуэ хъуащ. Иджы «Спартак-Налшыкым» текIуэныгъэр зыми зэрыIэщIимыхыфынур наIуэт.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм иужьу щекIуэкIа джэгугъуэм къэрикIуа бжыгъэхэм: «**Черноморец**» (Новороссийск) - «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **2**:**0**, «**IэфIыпс**» (IэфIыпс) - **МИТОС** (Новочеркасск) - **1**:**0**, «**Динамо-Ставрополь**» (Ставрополь) - «**Краснодар-2**» (Краснодар) - **3**:**2**, «**Ангушт**» (Нэзрэн) - «**Астрахань**» (Астрахань) - **1**:**1**, **СКА** (Дон Iус Ростов) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - **0**:**0**, «**Алания**» (Владикавказ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - **1**:**0**.

ЯгъэIэпхъуауэ щыта ебланэ джэгугъуэм щыщ зэIущIэри ирагъэкIуэкIыжащ. Абы «Дружба»-р 2:0-у «Биолог-Новокубанск»-м щытекIуащ икIи иужь дыдэ увыпIэр ибгынащ. Хэгъэрейхэм я топитIым языр дэзыгъэкIар Къэжэр Назирщ.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр жэпуэгъуэм и 18-м зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Адыгейм и къалащхьэм щыIущIэнущ Мейкъуапэ и «Дружба»-м.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

*Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр*

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. «**Спартак-Налшык**» | **13** | **10** | **2** | **1** | **22-5** | **32** |
| 2. «IэфIыпс» | 13 | 9 | 1 | 3 | 20-12 | 28 |
| 3. «Краснодар-2» | 13 | 7 | 2 | 4 | 27-14 | 23 |
| 4. «Черноморец» | 13 | 6 | 4 | 3 | 17-14 | 22 |
| 5. «Динамо-Ставрополь» | 13 | 5 | 4 | 4 | 14-12 | 19 |
| 6. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 13 | 5 | 3 | 5 | 13-12 | 18 |
| 7. СКА | 13 | 5 | 2 | 6 | 15-14 | 17 |
| 8. «Тэрч-2» | 13 | 4 | 5 | 4 | 19-15 | 17 |
| 9. «Ангушт» | 13 | 4 | 4 | 5 | 12-13 | 16 |
| 10. «Астрахань» | 13 | 4 | 3 | 6 | 12-17 | 15 |
| 11. «Алания» | 13 | 2 | 6 | 5 | 6-17 | 12 |
| 12. МИТОС | 13 | 3 | 2 | 8 | 10-21 | 11 |
| 13. «Дружба» | 13 | 3 | 2 | 8 | 13-25 | 11 |
| 14. «Биолог-Новокубанск» | 13 | 2 | 4 | 7 | 7-16 | 10 |


Япэ увыпІэр къэзыхьа ГъукІэкъул Иринэ


Зэпеуэм и къызэгъэпэщакІуэ Думэн Акилэ НафІэдз Мухьэмэд егъэлъапІэ


Фырэ Руслан


ХьэфІыцІэ Мухьэмэд


Джэрыджэ Арсен


Аброкъуэ Беллэрэ Іэдэмей Хьикмэтрэ

# ІутІыж Борис и цІэр ноби лъэпкъым хуолажьэ

• Пшыхь

**ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щызэхэтащ КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ, адыгэ драматургием и классик ІутІыж Борис Къуней и къуэр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа пшыхь.**

**Іыхьит1у зэщхьэщыхауэ екІуэкІа зэІущІэр щІэщыгъуэу ягъэпсат ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ драмэ театрым и художественнэ унафэщІ ЖьакІэмыхъу КІунэрэ режиссёр Дэбагъуэ Романрэ. Ар дахэу, екІуу адыгэбзэ къабзэкІэ, бзэ шэрыуэкІэ иригъэкІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор, усакІуэ Аброкъуэ Беллэ.**

ПЭШ кІыфІым къыхонэхукІ проекцэкІэ ягъэлъагъуэу ІутІыж Борис и сурэтхэр. ТхакІуэм псэм пищІу фІыуэ илъагъуу, философие куу зыщІэлъ и ІэдакъэщІэкІхэм яригъэкІуу щыта Морис Равель и «Болеро» макъамэ гуакІуэр къоуэ, абы щІэту къоІу ІутІыжым и макъ, и усэ езыр къеджэжу:

**Тхыдэ-лІыжь кхъахэр уанэтемыхщи,**
**Хуэмыухыжыр гъуэгуанэ кІуаджэщ.**
**Уплъэмэ, плъагъур пшагъуэ гу(ы)ихщи,**
**УзэплъэкІыжмэ, - щыхупІэ бзаджэщ...**

**Уоу си лъэпкъ мащІэу гущІэм щызгъафІэ,**
**Зи фІыр зи Іейхэм къысхугуэмых,**
**Зэм хубоІэт уэ сэ си гур мо уафэм,**
**Зэм щІы къатиблкІэ гугъэр йодзых.**

**Я нэхъ лІы Іущу зызылъытэжхэм**
**Уи щымыІэжхэр дэнкІи яший.**
**ЕплъэкІ зэпытурэ дыщІэзылъхьэжхэм**
**ЯхэплъэхункІэ, си псэр мэкІий:**

**«Зыхэдывгъалъхьи щымыІа лІыгъэ,**
**ДыкъыщІэвгъэкІхэ зэрамыгугъэу!»**

- Нобэ дыхуеплъэкІыжынущ ди псэм хэдмыхыу фІыуэ тлъагъу ди тхакІуэ гъуэзэджэм, хэкулІ щыпкъэм гукІэ игъэхуабэу, псэкІэ игъафІэу къызэринэкІа и дунейм, дыхэплъэжынущ абы и усэбзэ псэбзэрабзэмкІэ, и театр теплъэгъуэхэмкІэ, дамэ къызытекІэу лъэта и уэрэдхэмкІэ, - къызэІуихащ зэІущІэр **Аброкъуэ Беллэ.** - ІутІыж Борис теухуауэ куэд пхужыІэнущ, ауэ и цІыху щІыкІэкІэ къапщтэмэ, нэфІэгуфІэт, гушыІэрейт, дэтхэнэми псалъэ гуапэ къыхуигъуэтыфырт, жыпІэнурамэ, сыт и лъэныкъуэкІи псэм щыщ цІыхут. И ІэдакъэщІэкІхэм я гугъу пщІымэ, пцІы хэмылъу, япэ игъэувэн хуейр «Тыргъэтауэ» пьесэращ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, тхыбзэ зэпцІагъэщІэ фІэкІа имыІэу, и тхыдэ куури фІыуэ имыщІэжурэ къэгъуэгурыкІуа ди лъэпкъым и дежкІэ апхуэдэ пьесэ птхыныр икъукІэ лэжьыгъэшхуэт. А зы пьесэм фІэкІа абы и къалэмыпэм къыщІэмыкІами, Борис и цІэр тхыдэм дыщэпскІэ хэтхауэ къэнэнут.

«Тыргъэтауэ» пьесэм цІыху куэд итхьэкъуауэ еджащ, ноби къытрагъэзэжурэ щІаджыкІ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэм я дежи ар нэсащ, абы къытращІыкІа спектаклри ехъулІэныгъэ иІэу мызэ-мытІэу ягъэлъэгъуащ. Тыргъэтауэ и ролыр зыгъэзэщІа, УФ-м щІыхь зиІэ и артисткэ **ЖьакІэмыхъу КІунэ** пьесэр зытеухуар я нэгу къыщІигъэхьэжу абы щыщ пычыгъуэ къеджащ.

Дуней щхъуэкІэплъыкІэм и ІэфІыпІэр, лъагъуныгъэм и гуащІагъыр зыхуэдэр «Тыргъэтауэ» пьесэм хэт Іэдисэрэ Джатэгъазэрэ я образхэмкІэ щІэщыгъуэу къигъэлъэгъуащ ІутІыжым. Абыхэм я ролхэр зыгъэзэщІа, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Хьэмыку Жаннэрэ** КъБР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Дэбагъуэ Романрэ** гурыщІэ теплъэгъуэм хашэжат пшыхьым кърихьэлІахэр.

ІутІыж Борис зыцІыхуу щыта псоми ягу къыщагъэкІыжкІэ, япэу къыхагъэщыр абы и гушыІэ дахэрщ. ЦІыху гуапэм и гушыІэхэми хуабагъэ ящІэлът. Пшыхьми мызэ-мытІэу ягу къыщагъэкІыжащ Борис и гушыІэхэр.

Борис и гушыІэ шаржхэр экраным къредзэ, абы къыдэкІуэу Беллэ пшыхьым къыпещэ:

- ТхакІуэ нэхъ Іэзэ дыдэхэми мащІэщ яхэтыр гушыІэфу. ЦІыхум и жагъуэ умыщІу удэгушыІэурэ и щыуагъэм гу лъебгъэтэжын, ауан пщІыфын щхьэкІэ зэфІэкІым и закъуэкъым узыхуейр, атІэ акъыли гу хьэлэли абы щІыгъун хуейщ. ІутІыж Борис театрри, къалэмри, къэрэндащри хьэлэмэту «игъэгушыІэфырт»: зэм далъэрт, зэм пІаскІуэрт, зэм щІэнакІэрт, зэм хъурджауэрт. ІутІыжымрэ театрымрэ зы лъэхъэнэ псо яІащ, лъэпкъыр я зэхуаку щызэпэкІуу, Хьэфотэ, Хьэжбэрон, Жьэмыгъуэ сымэ я бзэкІэ зэпсалъэу.

ІутІыжым и «гушыІэ дунейм» дыхишэжащ абы и гушыІэ спектакль псоми щыджэгуа, КъБР-м и цІыхубэ артисткэ **Мэшыкъуэ Феня**. ЦІыхубэм фІыуэ ялъэгъуа Хьэфотэ и ролыр игъэзащІэу ар утыку къихьащ.

Пшыхьым къыщеджащ Борис и усэхэм, гущІагъщІэлъхэм, «УпщІэрейрэ къэщІэрейрэ я гушыІалъэм», щыжаІащ и уэрэдхэр. Ахэр утыку кърахьащ КъБР-м и цІыхубэ артистхэу **Мэшыкъуэ Феня**, **Щэрмэт Людэ**, **Нэхущ Чэрим**, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу **Хьэмыку Жаннэ**, **Хъыдзэдж Борис**, **Тхьэщыгъуей Жаннэ**, **КІэхумахуэ ФатІимэ**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къул Амир**, театрым и артист пажэ **Хьэмырзэ Ахьмэд**, къафэмрэ уэрэдымкІэ «Амикс» гупым.

- УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ ІутІыж Борис и ІэдакъэщІэкІхэм уащыхыхьэкІэ шэмыгъапцІэ жэщым хуэдэу кІэщІыщэу къыщІокІ, къыпІэщІомащІэ, - жиІащ напІэдэхьеигъуэм хуэдэу блэкІа пшыхьым и япэ Іыхьэр щызэхуищІыжым Аброкъуэ Беллэ.

Зэхыхьэм и етІуанэ Іыхьэри Іуэху гуапэт зытеухуар. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ тхакІуэр, хэкупсэ нэсыр къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум хуэгъэпсауэ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу бзылъхугъэ **Думэн (Іэдэмей) Акилэ** илъэс ипэкІэ къыхилъхьа Адыгэпсо литературэ щІалэгъуалэ зэпеуэм щытекІуахэр ягъэлъэпІащ.

Зэпеуэм хэтыну хуитт зи ныбжьыр илъэс 17-м къыщыщІэдзауэ илъэс 30-м щІимыгъуа адыгэ щІалэгъуалэр. Абы къагъэхь тхыгъэхэр рассказ (новеллэ) жанрым итыпхъэт, апхуэдэу ар зи ІэдакъэщІэкІым и цІэ пэжыр мыхъуу, и нэгъуэщІ цІэр (псевдонимыр) тетхауэ щытын хуейт. Зэпеуэм къагъэхьа рассказхэр къыщапщытэм гулъытэ хуащІащ: абы хэлъ гупсысэ нэхъыщхьэм; тхыгъэм иІэ гъэпсыкІэм; ар зэрытха адыгэбзэм и къабзагъымрэ дахагъымрэ; тхыгъэр зытеухуа Іуэхугъуэм иІэ мыхьэнэм.

Зэхьэзэхуэм тхыгъи 10 къагъэхьащ. Абыхэм еджащ, зэпеуэм и жыпхъэм зэризагъэр къахутащ къэпщытакІуэ гупым хэтахэу УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, ВГТРК-м и унафэщІ **Фырэ Руслан** (гупым я тхьэмадэт), УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ **Мэзыхьэ Борис**, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, тхакІуэ, критик **Къэрмокъуэ Хьэмид**, «Адыгэ псалъэ» газетым и обозреватель, тхакІуэ, зэдзэкІакІуэ **Хъуажь Фахъри**, КъБР-м щІыхь зиІэ и артисткэ **Хьэмыку Жаннэ**, Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и редактор, КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист **Аброкъуэ Беллэ** сымэ.

Филологие щІэныгъэхэм я кандидат ІутІыж Борис лъэпкъ щэнхабзэм хуищІа хэлъхьэныгъэр къыпхуэмылъытэнщ. Ар илъэс 22-кІэ бзэщІэныгъэм елэжьащ, зэдзэкІакІуэ Іэзэт, литературэм и жанр псоми хуэІэзэт. Абы нэмыщІкІэ, сурэт дахэу ищІырт, пкІыгъэм елэжьырт, икъукІэ ІэпщІэлъапщІэт, сыт хуэдэ Іуэхуми хуэІэкІуэлъакІуэт. Борис адыгэбзэм и Іуэхум хуабжьу иригузавэрт. И публицистикэр къапщтэмэ, журналистикэм щилэжьам ухэплъэжмэ, и гур иригъуу щытащ ноби диІэ гуныкъуэгъуэшхуэм: Хэкужьым ис адыгэмрэ хамэ къэрал щыпсэумрэ я бзэр зэшэлІэжа зэрыхъуным, абы зы литературэбзэ яІэн зэрыхуейм. ІутІыж Борис и ІэдакъэщІэкІхэр лъэпкъыр зэрыгушхуэнщ, абы и цІэ къытхуигъэнам апхуэдизкІэ и мыхьэнэр инщи, ІуэхуфІ икІи щхьэпэ кърокІуэ. Абыхэм ящыщ зыщ Тыркум щыпсэу ди лъэпкъэгъу Думэн (Іэдэмей) Акилэ тхакІуэм и цІэкІэ къыхилъхьа Адыгэпсо литературэ щІалэгъуалэ зэпеуэр.

АдэкІэ утыкум кърагъэблэгъащ Акилэ къыхилъхьа Іуэхур дэзыІыгъа, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **ХьэфІыцІэ Мухьэмэд.** Абы къыхигъэщащ Думэн (Іэдэмей) Акилэ хэкупсэ нэсу зэрыщытыр, адыгэм и Іуэхур зэригъэкІуэтэнымрэ бзэр хъума зэрыхъунымрэ зэрытелажьэр, и щхьэгъусэ Іэдэмей Хьикмэтрэ езымрэ сытым щыгъуи псапэ ящІэу, я мылъкум щыщ Іыхьэ адыгэ Іуэхум халъхьэу зэрыпсэур.

- ІутІыж Борисрэ сэрэ 1965 гъэм фокІадэм и 1-м дызэрыцІыхуауэ щытащ. Абы лъандэрэ илъэс щэ ныкъуэм щІигъуащ, - жиІащ ХьэфІыцІэ Мухьэмэд. - Илъэс куэдкІэ фІыуэ дызэрылъагъуу дызэныбжьэгъуащ, зэгъусэуи Печатым и унэм дыщызэдэлэжьащ. А цІыху щыпкъэм теухуа гукъэкІыж гуапэ куэд сиІэщ. КъБКъУ-м и тхыдэ-филологие факультетым дыщыщІэсым «Хасэ» фІэщыгъэр иІэу блын газет къыдэдгъэкІырт. ІутІыжым абы щыгъуэ и уси, и прози, и гущІагъщІэлъи дигъэлъагъуртэкъым, гъэпщкІуауэ тхэрт, псори пхъуантэм дилъхьэрт. Блын газетым и зи чэзу къыдэкІыгъуэм Борис сурэт хигъэувэн хуейт, сэ тхыгъэхэр къэзгъэхьэзырат. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым си пащІэр къэрэндащ фІыцІэкІэ злауэ псэлъыхъу сыкІуэну сежьащ. ІутІыжыр къызэрызэплъу сщІар къыгурыІуащ. «Дэнэ уежьа, щІалэжь?» - къызэупщІащ ар. Іуэху сиІэу сызэрежьар жесІэри, дызэблэкІащ. Пщэдджыжьым сокІуэ еджапІэми, блын газетыр фІэлъщ. ИкІи дымыгъэпсауэ, икІи дызэгурымыІуауэ, си плащ хужьыр сщыгъыу газетым и кІэ дыдэм деж ситщ, си щхьэцыр гъуэрэ си пащІэр фІыцІэу. А сурэтым кІэщІитхэжат: «КъытокІэ ХьэфІыцІэми пащІэ фІыцІэ, къыщыІэрыхьам и деж къэрэндащ фІыцІэ». АбыкІэ жысІэну сызыхуейращи, Борис и гушыІэр, и ауаныр апхуэдизкІэ шэрыуэти, фи фІэщ зэрыхъун, 1965 гъэ лъандэрэ си пащІэм къэрэндащ папцІэм и зы Іыхьэ лъэзмыгъэІэс. КІуэ пэтми нэхъ зыхыдощІэ дэ тфІэкІуэда цІыхур зыхуэдэу щытар. Лъэныкъуэ куэдкІэ Тхьэр зэчийкІэ зыхуэупса, гуащІэшхуэ зыхэлъ цІыху телъыджэт ар.

Пшыхьым кърихьэлІахэм ІутІыжым теухуа и гукъэкІыжхэмкІэ ядэгуэшащ Борис илъэс куэдкІэ и ныбжьэгъуу щыта, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм и редактор **Джэрыджэ Арсен**.

- Борис щхьэкІэ зыгуэр кІэщІу жыпІэжыну гугъущ, илъэс 40-м щІигъукІэ махуэ къэс дызэрылъагъуу дызэныбжьэгъуащи. Абы теухуа си гукъэкІыжхэр куэд мэхъу икІи нобэр къыздэсым зы махуи къанэу къыщІэкІынкъым ар ди гум къэдмыгъэкІыжу, - жиІащ абы. - Нэхъыбэуи ар дигу къызэрыкІыжыр и гушыІэ дахэхэмкІэщ. Абы студент гъащІэр дэзыхьа, дэлэжьа дэтхэнэ зыми апхуэдэу фІэкІа Борис игу къыхуэгъэкІыжу къыщІэкІынкъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, и гушыІэр зыхуэбгъадэ хъун щыІэкъым. ЦІыхур фІыуэ илъагъурт, езыми гуапэу къыхущытыжхэт. Ар дэнэ щыІэми, абы и хъуреягъым псори къепщІэкІырт. Апхуэдэу нэфІэгуфІэу къызэрытхэтам хуэдэущ ар дигу къызэринари, зэрытцІыхуам дрогушхуэ, зэрытхэкІыжам икъукІэ дронэщхъей. ІутІыж Борис и ІэдакъэщІэкІ куэдым я къежьапІэ хъуам сэ фІыуэ сыщыгъуазэщ. Ныщхьэбэ мы пшыхьым щыІуа «Къэбэрдей уэрам» уэрэдым теухуа зы гукъэкІыжкІэ сывдэгуэшэнут. Къэбэрдей уэрамым тет унэхэм ящыщ зы цІыкІум дыздыщІэсащ Борисрэ сэрэ. А зэманым а уэрамыр цІыху зекІуапІэт, зэхуэсыпІэт. Жэщ-махуэ имыІэу абыкІэ блэкІхэм ящыгъ туфлъэ лъэдакъэ папцІэм и «тІыркъэ-тІыркъэ» макъым псэхугъуэ къыдитыртэкъым. ИкІи дригъаджэртэкъым, икІи дигъэжейртэкъым. Зы пщэдджыжь гуэрым Борис сыкъегъэушри: «Уей, а уэ пщІэ лъэдакъэ папцІэхэм сахурикъуамэ», - къызжеІэри, жэщым итха усэр сегъэлъагъу. Зэгуэрым Уэтэр Анатолэ ди деж къыщІыхьауэ, абы ирегъэлъагъури, игу щрихьым, радиом уэрэду щрегъэтх. ЦІыхубэм ягу дохьэри, щІэх-щІэхыурэ къат, дзапэ уэрэдуи ирахьэжьэ. Пщыхьэщхьэ гуэрым Борис и ныбжьэгъу щІалитІ и гъусэу Къэбэрдей уэрамымкІэ къыздыдэкІуеижым, фІыуэ ефа щІалэ гупым абы и уэрэдыр кърашу зэхуозэхэр. ФІыуэ ефахэр куэдрэ щхьэусыгъуэ лъыхъуэнт, псалъэмакъ къагъэхъейри, мобыхэм къеззэуэн щІадзэ. Арати, Борис и гъусэхэм ящыщ зы къэгужьейри: «А иджыпсту жыфІа уэрэдыр зытхар мы щІалэращ», - жиІащ. Къеплъри, я фІэщ хъуакъым, паспортыр ирагъэлъагъуну къыпаубыдащ. Насып яІэти, Борис и паспортыр иІыгът. Еплъри, зэры-ІутІыж Борисыр къыщащІэм, къаІэтауэ мо щІалэшхуэр драдзей. КъаІэпыхункІэ гужьеяуэ и гъусэхэм ар кърагъэутІыпщыжащ, щІалэхэм, пщІэ къыхуащІу, унэм нэс къашэжри, зэбгъэдэкІыжахэт. Ар сигу къыщІэкІыжар Борис и уэрэдхэми къару гуэр зэращІэлъырщ. А пщыхьэщхьэм щІалищыр ІутІыжым и уэрэдым къригъэлауэ щытащ. Нобэми ныжэбэми Борис и гушыІэр, и уэрэдыр, и философиер дунейм дахэу дытезыгъэтхэм ящыщщи, дэ къыткІэлъыкІуэхэми ар ящымыгъупщэну, гъусэ яхуэхъуну сыщогугъ.

Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэ **Думэн (Іэдэмей) Акилэ** фІыщІэ яхуищІащ ар къыдэзыІыгъа псоми икІи къыхигъэщащ зи творчествэм дихьэх, тхыгъэ купщІафІэхэр зи ІэдакъэщІэкІ тхакІуэр адыгэм ящымыгъупщэным, абы и ужь иувэн щІэблэ яІэным щІэхъуэпсу зэпеуэр къызэрызэригъэпэщар.

- ІутІыж Борис кІыхьу утепсэлъыхьыфынущ, хужыпІэну бгъуэтынури фІы защІэщ. Сэ си гум къинауэ абы и хьэл-щэн зытІущым сытепсэлъыхьыну сыхуейщ. Япэрауэ, Борис зыцІыхухэм ар зэи ялъэгъуауэ къыщІэкІынкъым и нэщхъыр зэхэукІауэ, сытым щыгъуи нэфІэгуфІэу, гуфІэпсу, и нэгум уиплъэмэ, къару мыкІуэщІ гуэр абы къуиту апхуэдэу щытащ. Ар цІыхугъэм и хьэл-щэн нэхъыфІ дыдэхэм ящыщщ икІи псори зыхущІэкъун хуейщ. ЕтІуанэрауэ, Борис плъэкІэ щхьэхуэкІэ Тхьэр къыхуэупсат. Абы илъагъу псоми дэ гу лъыттэфыртэкъым. ІутІыж Борис Іуащхьэ джабэм иплъэмэ, щыгум тет удз гъэгъа закъуэратэкъым илъагъур, атІэ абы кІуэцІылъ «дыщэми» гу лъитэрти, ар адрейхэм я нэгу щІигъэкІырт. Ар сэнауш (талант) жыхуаІэращ. Ди щІэблэм солъэІу: ІутІыж Борис и Іэдакъэм къыщІэкІауэ хъуар щІэвджыкІ, абыхэм япкърылъ гупсысэр зыхэфлъхьэну иужь фит, абы и тхэкІэм фыдэплъей, ар фи щапхъэу фи зэфІэкІым хэвгъахъуэ. Зэпеуэм и гугъу пщІымэ, абы кърагъэхьащ тхыгъэІуэтэж гъэщІэгъуэнхэр. Ауэ абыхэм зы дагъуэ яхуэсщІащ: урысыбзэкІэ гупсысэу адыгэбзэкІэ ятхыжам хуэдэу къысщыхъуащ. Апхуэдэу хъунукъым. АнэдэлъхубзэкІэ икІи угупсысэу икІи птхыжмэ, абы нэхъ гум лъэІэсын тхыгъэ щыІэкъым. Сынывохъуэхъу фефІэкІуэну, лъэпкъым и гугъапІэр вгъэпэжыну, - жиІащ **Хъуажь Фахъри**.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал телерадиокомпанием и унафэщІ **Фырэ Руслан** фІыщІэ хуищІащ Іуэху щхьэпэр къезыхьэжьа Думэн (Іэдэмей) Акилэ.

- Адыгэ литературэм и къэкІуэнум уи гур хуэныкъуэу, ІутІыж Борис къигъэна лъэужьым къыпащэну щІэблэр тебгъэгушхуэу Іуэхур къыхэплъхьащи, дызэрыщыгугъауэ, лъэпкъ щэнхабзэм и зыужьыныгъэм хуэщхьэпэну Тхьэм жиІэ, - зыхуигъэзащ абы бзылъхугъэм.

АдэкІэ Фырэр къытеувыІащ зэпеуэр зэрекІуэкІам, наІуэ ищІащ абы щытекІуахэр икІи псори утыкум кърагъэблагъэри, хуагъэфэща саугъэтхэр яритыжащ.

Зэпеуэм и ***япэ увыпІэмрэ*** ахъшэ саугъэт нэхъыщхьэмрэ (сом мин 75-рэ) къихьащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм хыхьэ Беслъэней къуажэм щыщ, «Черкес хэку» газетым и лэжьакІуэ **ГъукІэкъул Иринэ**. ***ЕтІуанэ увыпІэр*** хуагъэфэщащ ди республикэм и Къэсейхьэблэ (Бахъсэнёнкэ) къуажэм щыпсэу, Автомобиль транспортымкІэ лицейм и еджакІуэ **Таджэ Замир** (сом мин 50). ***Ещанэ хъуащ*** Щхьэлыкъуэ щыщ (КъБР), Налшык къалэ дэт гимназие №14-м и егъэджакІуэ **НафІэдз Мухьэмэд** (сом мин 30).

***ЕплІанэ увыпІэр*** «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ **Щомахуэ Залинэ** - Тэрч щІыналъэ, Инарыкъуей къуажэ (сом мини 10).

***Етхуанэ увыпІэр*** филологие щІэныгъэхэм я кандидат, Къэбэрдей-Балъкъэр щІэныгъэкъэхутакІуэ институтым и лэжьакІуэ **Хьэвжокъуэ Людмилэ** - Аруан щІыналъэ, Нарткъалэ (сом мини 10).

***Еханэ увыпІэр*** «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакІуэ **Гугъуэт Заремэ** - Дзэлыкъуэ щІыналъэ, Къармэхьэблэ къуажэ (сом мини 10).

***Ебланэ увыпІэр*** Куэшхьэблэ щІыналъэ газетым и лэжьакІуэ **Сихъу СулътІан** - Адыгэ Республикэ, Куэшхьэблэ къуажэ (сом мини 10).

***Еянэ увыпІэр*** Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и лэжьакІуэ **Джэдгъэф Беслъэн** - Бахъсэн щІыналъэ, ХьэтІохъущыкъуей къуажэ (сом мини 5).

***Ебгъуанэ увыпІэр*** адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмкІэ егъэджакІуэ **КхъуэІуфэ Рабия** - Бахъсэн щІыналъэ, Дыгулыбгъуей къуажэ (сом мини 5).

***ЕпщІанэ увыпІэр*** КъБКъУ-м ФилологиемкІэ и институтыр къэзыуха **Кушбокъуэ Маринэ** - Шэджэм щІыналъэ, Нартан къуажэ (сом мини 5).

- Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм фІыщІэ фхудощІ, - жиІащ абы хэтахэм къабгъэдэкІыу **НафІэдз Мухьэмэд**. - Сэ срогушхуэ ІутІыж Борис къэсцІыхуну сызэрыхунэсам. Зэман кІыхькІэ дыкъызэдемыкІуэкІами, сыщыгъуазэщ абы и зэчийр зыхуэдэм, цІыхугъэ лъагэ хэлъам. Москва еджапІэ сыкъикІыжауэ сыщІыхьамэ, зэрызгъэщІэгъуэнур къысхуэмыщІэу, «мыр щІалэжь цІыкІущ» жимыІэу, къэтэджырти, къыспежьэрт, си Іуэху зыІутхэр зригъащІэу гуапэу къызэпсалъэрт. Ар ІэфІу сигу къинэжащ.

**Гугъуэт Заремэ** къыхигъэщащ тхэн щІэзыдзагъащІэхэр тегъэгушхуэнымкІэ, ипэкІэ кІуэтэнымкІэ мыпхуэдэ Іуэхухэр икъукІэ зэрыщхьэпэр икІи ар зи жэрдэм бзылъхугъэм ехъуэхъуащ езыр цІыхухэм зэрахуэупсэ гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщІэу, ефІакІуэу псэуну.

ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ фондым и унафэщІ **ЩоджэнцІыкІу Леонид** жиІащ Думэн (Іэдэмей) Акилэ лъэпкъым и дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху щхьэпэ зэрыригъэкІуэкІар. Акилэ и ІуэхуфІхэм папщІэ абы тыгъэ хуищІащ Лермонтовым и цІэр зезыхьэ урысейпсо комитетымрэ езыр зи унафэщІ фондымрэ къыдагъэкІа, ЩоджэнцІыкІу Алий и медалымрэ усакІуэм и тхылъымрэ.

ЗэІущІэм и кІэм Аброкъуэ Беллэ къыхигъэщащ Къэбэрдей театрыр адыгэбзэкІэ тха пьесэ зэрыхуэныкъуэр, зэпеуэм хэтахэми абыкІэ гугъапІэ зэраripхыр, апхуэдэуи Думэн (Іэдэмей) Акилэ и ІуэхуфІым къыпищэну зэримурадыр.

- ДызыщыгуфІыкІын куэд Тхьэм къригъакІуэ ІутІыж Борис и Іуэхум. Езыр къытхэмытыжми, абы и цІэр ноби лъэпкъым хуолажьэ, - жиІащ Аброкъуэм.

Пшыхьыр зэхуащІыжащ «Амикс» гупым игъэзэщІа, ІутІыж Борис и псалъэхэр зыщІэлъ «Махуэшхуэ» уэрэдымкІэ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*


Зэпеуэм хэтахэмрэ Думэн Акилэрэ


Нэхущ Чэрим


КІэхумахуэ ФатІимэ


Мэшыкъуэ Феня


«Амикс» гупыр


Пшыхьым кърихьэлІахэр

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

ДИ ХЭЩІАПІЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цІэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатхэр.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къ., Ленинным и уэрам, 33.

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.
Газетым Іэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531
Тираж 3.167
Заказ №1713